ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№37 (22.945) • 2015 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 3, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Тэтэрстан Республикэмрэ я зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ Тэтэрстан Республикэм и Іэтащхьэ Минниханов Рустамрэ мазаем и 28-м Налшык Іэ щыщІадзащ республикитІым я сату-экономикэ, щІэныгъэ-техническэ, социально-щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыІуэныгъэм. А мурадым къытекІухьа, Тэтэрстан Республикэм и Президент Минниханов Рустам Налшык и аэропортым къыщыгъэблэгъагъ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

Минниханов Рустам

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыщыІэзэпсалъэм унафэщІхэм къыхагъэщхьэхуІакІ лъэныкъуитІми я сабэп хэлъу зэдалэжьэным мыхьэнэшхуэ иІэу къыззэралъытэр. ХьэщІэхэм фІэхъус псалъэхэмкІэ захуигъазэри, КІуэкІуэ Юрий дэбыхэм ехъуэхъуащ ди республикэм зэрыщыІэну зэманыр гукъинэжу ирагъэкІуэкІыну. Ди республикитІыр ильэс куэд льандэрэ лэжьыгъэкІи зэныбжьэгъугъэкІи зэпыщІащ, жиІащ абы. Апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэр блэкІа лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм зэтраГъэувауэ щытащ Тэтэрстаныр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ялэ президентхэу Шаймиев Минтимеррэ КІуэкІуэ Валерийрэ. Абыхэм я зэхэщІыкІымрэ акъылымрэ куэдкІэ я фЫщІэщ къэралым зыкъыщызыІэту хуежьа зэгурымыІуэныгъэхэр къыззырызэранэкІыфар. Ахэр ящыщщ Федеральнэ зэгурыІуэныгъэм Іэ щІэдзыныр ялэу дзэыІыгъахэм. Апхуэдэу Урысей Федерацэм и субъектхэр нэхъ быдэу зэпызыщІэ зэгурыІуэныгъэхэр зэращыІэныжьмкІэ жэрдэмэщ къэзыІэтауэ щытахэри ахэрщ. Федеральнэ центрым иубзыхуэ Іуэхухэм къадэкІуэу, а цІыху Іущхэм къыхалъха жэрдэмхэри сэбэпышхуэ хъуащ Урысей къэралыгъуэм и зэкъуэтыныгъэр хъумэныжьмкІэ.

1998 гъэм мэкъуэгуфыем и 21-м Къэзан къалэм Іэ щыщІадзауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Тэтэрстан Республикэмрэ зэдэлэжьэныр, зэныбжьэгъуныр теухуа зэгурыІуэныгъэм. Япэ лъэхъэнэхэм абы къыщыгъэлъэгъуа Іуэхухэр гъэзэщІэным жьджэру зэратри, щыналъэтІым я зэпыщІэныгъэхэм псынщІэу заужьу хуежьауэ щытащ. Ауэ а зэгурыІуэныгъэм Іэ зэрыщІадзэрэ зэманыфІ дэкІащ, абы льандэрэ дунейми къэралми зэхъуэжьныгъэ куэд къыщыхъуащ, жиІащ КІуэкІуэ Юрий. ІэмалыщІэхэр, хэкІыпІащІэхэр зэрызэтеувам къыхэкІыу лъэныкъуитІыр зэгурыІуащ иджырей зэманым къезэгъыу зэдэлэжьэнымкІэ зыхуэфащэ псори зэфІагъэкІыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ гъэужьныным и лъэныкъуэкІэ, - къыхигъэщхьэхуІакІащ КІуэкІуэ Юрий. - Тэтэрстаным зэфІэкІышхуэ иГуэтащ электрон Іуэхутхьэбзэхэр дэгъэкІыным, электрон правительствэ зэтегъэувэным, властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я лэжьыгъэ зэгъэуІуным я лъэныкъуэкІэ».

КІуэкІуэ Юрий жиІащ Тэтэрстанымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я экономикэр зэгъэуІуныжьмкІэ икІи зегъэужьыныжьмкІэ мы зэгурыІуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэну къызэрилытэтар.

И псалъэр щиухым КъБР-м и Іэтащхьэм Тэтэрстан Республикэм и Президент Минниханов Рустам фыщІэ хуищІащ ІуэныкъуитІми я зэдэлэжьэныгъэр щІэгъэзэгубжьэным и телъхьэу къыззэрыувам папщІэ.

Ди щыналъэхэр зэдэлэжьэныжьмкІэ зэгурыІуэныгъэр лъэныкъуитІым я дежкІи фейдэщ, къыгъэлъэгъуащ Минниханов Рустам. Абы къихьащ Тэтэрстан Республикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм щыхьэт теХуэ бжыгъэхэр. Къэпщтэмэ, 2013 гъэм и закъуэ абыхэм яку дэлъ сатур хуэди 3,7-кІэ нэхъыбэ хуащ, автомобиль псынщІэхэр кърагъашэу зэрыщІадзэжам и хьэкъкІэ. Абыхэм къадэкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щащащ Тэтэрстаным къыщыщІагъэкІ ерыскъыпхъэхэри. «Ауэ ди республикэхэм я зэфІэкІыр нэсу къагъэсэбэпа хъурхъым, - къигъэлъэгъуащ Минниханов Рустам. - Нобэ икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ лъэпщыпхэр, мэкъумэшхэкІэр къэзылэжьхэм я продукцэр рынокым щыпхагъэкІын папщІэ защІэгъэкъуэным.

Фи республикэм дыззэрыщІэну зэманым кхуэрыбудыр дэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я продукцэм щыгъуазэ зытщІыну ди мурадщ. Хэхауэ деплъынущ хадзэкІэхэр, пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракІуэхэмрэ зэрагъэкІым».

Тэтэрстан Республикэм и гугъу пщІымэ, Минниханов Рустам зэрыжиІамкІэ, автомобиль псынщІэхэм къадэкІуэу, абы хьэпІэрыгъэшэ транспортри, мэкъумэш техникэри, щІыгъэпшэр зэмылІэужьыгъуэхэри, лыхэкІхэмрэ гъэшхэкІхэмри кьригъэшэфынущ.

Гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэхэм ящыщу Тэтэрстаным и Президентым къилъытащ хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьныр. Абы къыхигъэщхьэхуІащ Тэтэрстаным иджыпсту экономикэ щІыналъэ хэхауэ тІу зэрыщІэр. Апхуэдэу республикэм зэфІэкІышхуэ иГуэтащ индустриальнэ паркхэр зэтегъэувэным и лъэныкъуэкІэ. Ахэр иджыпсту муниципальнэ Іэнатіэхэми къыщыззэрагъэпэщу щІадзащ.

«Дэри хуабжьу ди гуапэу ди дежщедгъэблэгъэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лЫкІуэхэр, - КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий зыхуиГаззэри жиІащ Минниханов Рустам. - Дэ дыхьэзырщ ди лэжьэкІэм щыгъуазэ фытщІыну, диехьулІэныгъэхэр, псом хуэмыдэу технологие лъагэхэр къыщагъэсэбэп Іэнатіэхэм, абыхэм медицинэри яхэту, щызэфІагъэкІхэр фэдгъэлъагъуну».

Минниханов Рустам къыхигъэщащ технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ центр лъэш, Урысейм щынэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зы республикэм зэрыщыІэтеувар. «Медицинэм и лэжьакІуэхэм я Іэщ Іагъэм хэгъэхъуэныжьмкІэ ар икъукІэ сэбэпышхуэ хъуну къызэлъытэ», - жиІащ абы.

Тэтэрстанрэ апхуэдэу сэбэп хъуфынущ управленэм и Іэнатіэм зегъэужьныжьмкІэ, электрон правительствэ зэтегъэувэнымрэ абы зегъэубгъуныжьмкІэ, къыхигъэщхьэхуКІащ Тэтэрстан Республикэм и Президентым.

ЗэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзэ нэужь КІуэкІуэ Юрийрэ Минниханов Рустамрэ журналистхэм я упщІэхэм жэуапхэр ираташ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапті.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ зыхуэплъэ мурадхэр зэрагъэзащІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныжьмкІэ щыІэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м къыдигъэкІа Указ №232-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ зыхуэплъэ мурадхэр зэрагъэзащІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныжьмкІэ щыІэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ зыхуэплъэ мурадхэр зэрагъэзащІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныжьмкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэныжьмкІэ 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м къыдигъэкІа Указ №232-УГ-мкІэ къищтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Быышэн А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІымрэ мылькумрэ я Іуэхухэм и министр;

Гуэбашы З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ статумкІэ и министр;

Къэзанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щІыхуэб коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Лыхъ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Мамхэгъ Хь. Хь. - Бахьсэн къалэ округым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр;

б) **АфІэунэ А. М.** и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Лэскэн муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*»;

в) **Кладько И. Е.** и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Прохладнэ къалэ округым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*»;

г) **Уянаев К. Хь.-М.** и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*»;

д) Советым къыхэгъэкІыжын Дроздов И. П., Хьэщпакъ С. Хь. сымэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 13-м
№24-УГ

● КъБР-м и Парламентым

Шынагъуэншагъэри щэнхабзэри къыззэщІаубыдэу

Мазаем и 26-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІа зэІущІэм республикэм исхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэпсауэ Іуэху 21-м щыхэплъащ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.

ЗэІущІэм и пэщІэдзэм Спикерыр КъБР-м и Парламентым и депутат **Тхьэгъэлэдж Тимур** къыщалъхуа махуэмкІэ ехъуэхъури, парламентаризмэм зегъэужьныным хуищІа хэлъхьэныгъэхэм папщІэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр иратащ.

Адэкіэ депутатхэр арэзы техъуащ КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитор Фироновэ Надеждэ и къулыкъур щхьэщыхьным.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ КъБР-м и къэрал мылькум хыхьэ ухуэныгъэхэм щыщу абы къыхагъэкІыну зыхуимытхэм ехьэлІа унафэм.

КъыкІэлъыкІуэу депутатхэм къызэдащтащ Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм муниципальнэ Іуэхущ Іапті хэхэм щиІэ и унафэщІымрэ аудиторымрэ муниципальнэ къулыкъым хэгъэхьэныр.

ЗэІущІэм япэ, етІуанэ хэпльэгъуэу ныщыщэздащтащ лэжьапІэ зымыгъуэт цІыху щхьэхуэхэм папщІэ Іуэхущ Іапті хэм трагъашэ бжыгъэхэм (квотхэм) теухуа законопроектыр. Квотэ зиІэнухэм ящыщщ мыкъуэдыкъуэми, Іэнатіэ пэрытыбрынухэр, балигъыпІэ имыува сабийхэр (ильэс 14 - 18-м итхэр). Абы къызэщІеубыдэ сабий унэм щапІахэр, адэ-анэм я нэІэ щІэмыту къэна сабийхэр. Апхуэдэхэм ящыщу лажьэ хъуну цІыху бжыгъэ Іуэхущ Іапті хъэс яхуэзыгъэбелджылыр КъБР-м и Правительствэрщ.

Депутатхэр зегурыІуащ ТекІуэныгъэм и Бэрахьэм тещІыкІа ныпхэр накъыгъэм и 9-м КъБР-м и къэрал Іуэхущ Іапті хэхэм зэрыщыфІадзэнымкІэ. Адэкіэ депутатхэр едэІуащ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министруКъБР-м щыІэ **Васильев Сергей** 2014 гъэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэм теухуауэ жиІам.

Васильевым и гугъу ищІащ гъэ кІуам, адрей хабзэхъумэ Іуэхущ Іапті хэхэм ящыщІыгъуу ди республикэм исхэм я шыналъэ гъэншагъэр, абыхэм я хуитыныгъэр яхъуэмэныр кьызэрызэрагъэпэща щыкІэм.

Федеральнэ унафэм къызэрыщІэлъэІуэгъуэм тету, ахэр жылагъэуэм электронныгъэ Іэмалхэмкіэ яныщІащ. ЦІыхухэм зэреупщІам къызэригъэлъэгъуамкІэ, МВД-м и лэжьыгъэмкІэ процент 80-м щІигъур арэзыщ. Васильевым зэрыжиІамкІэ, республикэм щалэжьа щІэпхъаджагъэхэр 2014 гъэм процент 9,1-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. ЩІэпхъаджагъэ хьэлъэхэм, хьэлъэ дыдэхэм хиубыдэхэр процентри 3,5-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, апхуэдэ Іэлужьыгъуэхэм хьихьэ щІэпхъаджагъэ ялэжьыну Іуэхуи 171-рэ къыщэпаудащ. Наркотик щэнхъщэхуным ехьэлІауэ щІэпхъаджагъэ Іуэхуу 1226-рэ къахутащ. Къапщтэмэ, акъылыр зыгъэутхъуэ щхъуху килограмм 90-м щІигъу къытрахащ.

Экономикэ ухэтІныгъэ яІэу 2014 гъэм щІэпхъаджагъэу къыщІагъэщар 686-рэ мэхъу. Гулъытэ щхьэхуэ зыхуащІхэм, я нэІэ зытрагъэтхэм ящыщу министрым къыхигъэщащ лъэпкъ проектхэр гъэззэщІэным хухах бюджет мылъкур къызэрагъэсэбэпым кІэлъыплъныр. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэу 53-рэ къыщІагъэщащ, абы щыщу тІур - «Ушышагъэ», 49-р - «Мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьын», 3-р «Псэупіэ» программэхэм ящыщщ.

Фадэ къыщІэгъэкІыным, ар щэн-хъэщхуным ехьэлІауэ хабзэкъутэ Іуэхуу 89-рэ къахутащ.

Гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр къызымыдзэжм я гугъу щищІым, министрым къыхигъэщащ апхуэдэ щІэпхъаджагъэу къэхъуар мин 700-м зэрыщІигъур. Ауэ щыхъукІи, машинэ зэжьэхэуэм нэгъабэ хэкІуэдахэр нэхъ мащІэщ, ар куэдкІэ я фЫгъэщ гъэзугъэр кьагъэнэху зэрыхъуам, ахэр щыпІэ-щыпІэкІэ зэрызэпрахуКІам, нэгъэущІхэми.

КъыкІэлъыкІуэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьадин**. Ар тепсэлъыхьащ ди республикэм Щэнхабзэм и илъэсыр зэрыщекІуэкІам. Министрым и гугъу ищІащ Налшык МакъамэмкІэ дэт театрыр, Щоджэнщ Іыку Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр, «Налшык» Щэнхабзэ уардэнэр, нэгъэущІхэри екІуу къызэрагъэщІэрэщІэжам. Щэнхабзэм и илъэсым ди республикэм Іуэху дахэ куэд къыщыІэтащ, Щэнхабзэм и лэжьакІуэм, Театрым и дунейпсо махуэм, нэгъэущІхэми ятеухуауэ. Нэхъапэм щымыІауэ, ди республикэм къыщызэІуахащ жэщым лажьэу «Ночь музеев», «Ночь искусств» фІэщыгъэм щІэт Іуэхухэр, нэгъэущІхэри.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Іэщэр игъэмэщІэным и пІэкІэ

УФ-м нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Лавров Сергейрэ США-м и Къэрал секретарь Керри Джонрэ дыгъуасэ Женевэ щызэпсэлъащ.

Ядернэ Іэщэхэр гъэмэщІэным теухуа конференцым и пэ кьихуэу ирагъэкІуэкІа а зэІущІэм Іуэху куэдым щытепсэлъыхьащ. Абыхэм ящыщщ Украинэм, Сирием, Ираным щыІэ щытыкІэхэр.

Конференцым щІидза нэужь Лавровым къыхигъэщащ США-м ядернэ Іэщэ лІэужьыгъуэхэр гъэмэщІэным хуэунэтІа и Іуэху еплъыкІэм арэзы къызэримыщІыр. Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ США-м и ядернэ Іэщэ куэд Европэм иджыри зэрыщыІыгъыр, 90 гъэхэм я пэщІэдзэм абы теухуауэ зэращІыпІаІуэр щыта рагъэкІуэдзэм и Іуэхуэ зэрагъэкІуэдзэ ящыщу, УФ-м и Іэщэхэр игъэмэщІа пэтми. «Еблэмэ, ахэр ирегъэфІакІуэ, щыІэ хабзэхэм ебакъуэурэ, ядернэ Іэщэ зимыІэ европэ къэралхэр щІэгъэкъуэн къищІырэ. Ядернэ Іэщэм земыгъэубгъуным теухуа зэгурыІуэныгъэм ар зыкІи кьезэгъыркъым», - жиІащ Лавровым.

Парламентыщ Іэм хьихьахэр

Вэсэмахуэ Эстониемщ ещІкІуэкІащ парламент хэхьныгъэхэр. Абы хэтащ Іэ зыІэтыну хуитхэм я процент 64-м щІигъур.

Иджыпрей парламентым хьихьащ партих, нэхъапэм абы хэтар плІым я лІыкІуэхэрт. КъызэратамкІэ, хэхьныгъэхэм бжьыпэр щиубыдащ ЗэхъуэкІыныгъэхэм я партым. Абы я дзыхь ирагъэзащ Іэ зыІэтахэм я процент 27,7-м икІи парламентым и мандати 101-м щыщу 30-р абы къыльысынущ.

ЕтІуанэ увыпІэм щыт Центристскэ партым процент 15-м щІигъу къихьащи, мандат 15-р абы ейщ. Адрейхэр мыпхуэдэу зэхуагуэшащ: «Хэкумрэ Республикэмрэ я зэгухьэныгъэ» партым мандат 14-р, «Хуитыныгъэ» партым мандати 8-р, ЦІыхубэ консервативнэ партым мандати 7-р иІэрыхьащ.

НОБЭ

♦**ТхакІуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Куржым щагъэлапІэ Анэм и махуэр**

♦**Къыргызстаным и къэрал ныпым и махуэщ**

♦КъЩР-м щыщ къэрал лэжьакІуэ, щІэныгъэлІ **Къардэн Зэмахьшэрий** къызэралъхурэ ильэс 94-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, драматург **Мысачэ Пётр** къызэралъхурэ ильэс 85-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, тхакІуэ, композитор, ЩІДАА-м и академик **Къандур Мухьэдин** и ныбжьыр ильэс 77-рэ ирокъу.

♦КъЖБР-м щІыхь зиІэ и артист **Молей Алихьан** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщешхьынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Нысэ мыхъунур жьантІажэ мэхъури, мафІэ мыхъунур ищхьэм щолыд.

● Банк Іуэхухэр

Дыщэ гъэжауэ зы килограмм

Урысейм и ХъумапІэ банкым иригъэжьа Іуэхущ Іапті щытекІуэхэм ящыщу цІыхуищым дэтхэнэми дыщэ гъэжауэ зы килограммрэ ахъшэ саугъэтрэ хухахынущ. Апхуэдэу Іуэхум хэтынухэм ящыщу цІыху 3000-м дэтхэнэми сом 3000 иратынущ.

МЫ ІУЭХУМ хэхуэну хущІэкъу дэтхэнэ зыми 2015 гъэм мэлыхьыхьым и 16-м фІэмыкІыу ХъумапІэ банкым счет къыщызэІуихыу сом мини 100 (е нэгъуэщІ къэралхэм я ахъшэу абы пэувын) мынэхъ мащІэ хилъхьэ е апхуэдизи и уасэ сертификат къищэхун хуейщ, мазих мынэхъ мащІэкІэ ихъумэну. 2015 гъэм мэкъуэгуфыем и 30-м нэсыху счетыр зэхуащІыж, ахъшэ кьыхах, апхуэдэу сертификатыр ящэж хъункъым. ТекІуахэр 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и кІэухым ирихьэлІэу зтъэбгъдэжьынущ.

Мы Іуэхур зэрекІуэжІынум нэхъ нэгъэсауэ щыгъуазэ зыщыфщІ хъунущ ХъумапІэ банкым и сайтым.

Гулъытэр псом ящхьэщ

● Щэбэт щыхьэху

Іуащхьэмахуэ щІынальэм щыпсэуущ цІыху миниХым нэблагъэ хэтащ нэхъыжьхэм я щыхьыкІэ ирагъэкІуэкІа щэбэт щыхьэхум.

РАЙОН, къуажэ администрацэхэм, узыншагъэр хъумэн, щэнхабзэ Іэнатіэм пэрытхэм, курыт еджапІэхэм щылажьэхэмрэ щеджэхэмрэ, къалэ, щыналъэ уэрамхэр зэщІагъэкъэбзащ.

Іуэху щхьэпэм хэтахэм чыцэ, гъуей гъужьажэ кьраупщІыкІащ, гъуэгу Іуфэм щызэтрихьа ятІэр тратхъуащ, кІэрыхубжьэрыхуэр куэншыб идзыпІэм яшащ.

Іуащхьэмахуэ щІынальэм щыпсэуэм щэбэт щІыхьэхум и фондым халъхьар сом мин 300 мэхъу. Ахъшэр Хэку Зауэшхуэм хэтахэм, зи щхьэгъуэз зауэм хэкІуэда фызабэхэмрэ ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхьэмрэ трагъэкІуэдзну я мурадщ.

ТАРИМ Алисэ.

Іэмалхэм хоплъэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ КЪБР-м Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм и коллегие.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщім и япэ къуэдзэ **Литовченкэ Татьянэ**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Іэнатіэм гъэджэгъуэ **Уянаевэ Іэминат**, КЪБР-м и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестиц-цэхэмрэ хьэрычэтыщіэ Іуэхущхэмкіэ и комитетым и унафэщі **Іэпщэ Заур**, КЪБР-м и цІыхухэм къэрал, муниципальнэ Іуэхущхьэбзэ яхуэзыщІэ центрым и унафэщІым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **АфІэунэ Аслъэн**, Іуэхущіапіэ зэхуэмыдзэхэм къикІаІэхэр. ЗэІущІэр къыщыдзэІуихым КЪБР-м экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** и Іэмкъэгъуэхэм екъуэхъуащ илъэс кІуам кьалэн куэд ягъэзэщІэну зэрыхунэсамкІэ, адэкІи я гъащІэ емыбдлэжьну зэращыгугъыр къыхихыгъэщащ. Министрыр тепсэлъыхьащ и унафэ щІэт къупльхъущІапІэм 2014 гъэм илъэсаІэмрэ мы гъэм зыхуигъэувыжа кьалэнхэмрэ. КъигъэнІуащ республикэм и экономикэм зиужьныныкІэ щыІэ Іэмалхэр, къэрал программэхэр зэрагъэхьэзыр щІыкІэхэр, хьэрычэт цІыкІымрэ ику итымрэ ятеухуауэ къэрал политикэм и мардэхэр, инвестицэм зэрызезгъэужьыпхъэхэр.

Къэрал къулыкъмкІэ, кадрхэмрэ Іуэху зехьэныкІэ къудамэм и унафэщІ **Андрейченкэ Людмилэ** министерствэм Іулъхьэм пэщІэтыным теухуауэ илъэхъэм тепсэлъыхьащ.

КЪБР-м и цІыхухэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхущІынымкІэ кьалэн куэд зыгъэзащІэ центрыр 2014 гъэм кІуриубыдэу зыхунэсахэр кьигъэнІуащ АфІэунэ Аслъэн.

- Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым хэгъэхуэныр, ахэр цІыхухэм зэман кІэщІкІэ яІэрыгъэхьэныр кьызэгъэпэщыныр, Іулъхьэр щымыгъэІэныр - ахэр хохьэ кьалэн куэд зыгъэзащІэ центрым и лэжьыгъэм. 2014 гъэм абы и кьудамэхэр кьызыщІутхащ Іуащьхьэмахуэ, Бахьсэн, Прохладнэ, Май куейхэм. Щэджам районми МФЦ-м и Іуэхущіапіэ щаухуащ. Щэрэдж, Дзэлыкъуэ районхэм ухуэныгъэхэр щокІуэкІ.

КЪБР-м и цІыхухэм яхуэтщІэ Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным ехьэлІауэ зэхъуэкІыныгъэфІхэр диІащ. Ныкъуэдыкъуэхэм, ветеранхэм, сымаджэ Іэрызехьэхэм папщІэ «мобильный выезд» Іуэхутхьэбзэр кьызэдгъэпэщащ.

АфІэунэм зэІущІэм кьрихьэлІахэр щигъэгъуэзащ центрыр 2015 гъэм зытелажьэнухэм. Апхуэдизэ МФЦ-м и кьудамэхэр районхэм кьыщызэгъэпэщыныр, цІыхухэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм хэгъэхуэныр, Іуэхущіапіэм зегъэужьыным теухуа зэІущІэхэр кІэщІ-кІэщІурэ егъэкІуэныр, нэгъуэщІхэри.

Іэпщэ Заур тепсэлъыхьащ и нэІэ щІэт комитетымрэ Экономикэ зыужьныгъэмкІэ министерствэмрэ нормативно-правовой актэр, проект щхьэхуэхэр гъэхьэзырыныкІэ, я лэжьыгъэр кьыщапщытэж зэІущІэхэр кьызэгъэпэщыныкІэ здалажь Іуэхухэм.

Литовченкэ Татьянэ министерствэм и лэжьакІуэхэм ехьэхъуащ я Іэнатіэм епха мурадхэр кьайхъулІэну. Абыхэм яльэІэсын папщІэ яхуэлажьыну кьалытэм нэхъри тІэкІу нэхъ гугъу Іуэхуэхэм зрапщытыну чэнджэщ яритащ, сыту жыпІэмэ апхуэдизуц цІыхум и зэфІэкІым зэрыхигъахьэр. Кьыхигъащащ къэралым хуэлажьэ цІыхум и Іэнатіэм эухэфэщэн щІэныгъэрэ зэфІэкІрэ бгъэдэлъыпхъэу кьызэрилъытэр.

Рахаев Борис зэІущІэм хэтахэм фІыщІэ яхуищащ, ехьулІэныгъэхэр яІэну ехьэхъуащ. Республикэм и экономикэм зиужьын папщІэ министерствэм и лэжьакІуэхэр я кьару щыісэ зэрымыхъунур жиІащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ГугъэфІхэр уэзыгъэщІщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм иджыблагъэ щекІуэкІа зэІущІэр теухуауэ щытащ Іуэхущіапіэм блэкІа илъэсым зэфІигъэкІамрэ 2015 гъэм илъэхьыну и мурадхэмрэ.

- 2014 гъэм республикэм и мэкъумэш промышленнэ комплексыр зэрыщытыр къатщтэмэ, хэхъуэу сом мелард 34-м щІигъу иІащ. Ар 2013 гъэм ейм етлытымэ, процентыр 101,2-рэ мэхъу, - кьыхигъащащ и пэублэ псалъэм КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Дадэ МуІэед. - Республикэм къэкІыгъэхэм елэжь и хозяйствэхэм нэгъабэ кьрахьэлІэжащ сом мелард 18 и уасэ продукцэ. Хэхъуэ нэхъыбэ кьыдэзыт унэтІыныгъэхэм ящыщу кьэплъытэ хьунущ пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэхэ, жылапхъэ нартыхур гъэкІыныр.

Дадэ МуІэед зэрыжиІамкІэ, илъэс зыбжанэ хьуауэ республикэм нэхъ хэхъуэауэ щоІэжь жыг хадзащхэр гъэкІыным. 2020 гъэм ирихьэлІэу ди республикэм абыхэм щІыуэ гектар мини 10-м нэблагъэ щаубыдынущ. А Іуэхугуэм цІыху мин 15-м щІигъу Іэнатіэкіэ кьызэригъэпэщынущ.

2014 гъэм тонн мини 118,8-м нэблагъэ пхъэщхьэмыщхьэу кьрахьэлІэжащ. Ар республикэр зыхуэныкъуэм нэхъри куэдкІэ нэхъыбэщ.

- Апхуэдизуэ екІуэкІмэ, гугъу дыди дыдемыхьу, дэ тхузэфІкІынущ, хамэ къэрал кьрашурэ УФ-м и щІыналъэ куэдым иращэу щыта пхъэщхьэмыщхьэхэм я пІэкІэ ди продукцэр дгъэлъэгъуну. Хадзэкіыу кьетхьэлІжакъэмкІэ ди Іуэхури Іейуэ тхужьыІэнукъым: 2014 гъэм кьышІэдгъэкІа продукцэр Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыхуу исыр зыхуэныкъуэнум нэхъри хуэди 3-кІэ нэхъыбэщ, - кьыпищащ и псалъэм министрым.

Гъэ дызэрыхьам гъавэ берычэт кьрахьэлІэжьи папщІэ, республикэм и хозяйствэхэр жылэкІэ ирикъуу кьызэгъэпэщауэ щытын хуейщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыху жылапхъэу щыІуахыжар тонн мини 10-м щІигъу. Абы щыгъуэми, республикэм и мэкъумэш хозяйствэхэр зыхуэныкъуэнур тонн мини 2,3-м нэблагъэщ. Кьыдэхуар УФ-м и адрей щІыналъэхэм иращэнущ.

Гъавэ, хадзэкІ производствэм зиужьыныр кьыгуэхьпІэ имыІэу пыщІащ техникэ и лъэныкъуэкІэ хозяйствэхэр кьызэрызэгъэпэщащ щІыкІэми. 2015 гъэм и пэщІэдзэм хуэззу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хозяйствэхэм яІащ трактору 3727-рэ, гъавэ зэрыІуахыж комбайну 461-рэ, пхъэІэщэу 1072-рэ, щІыр зэрагъэщащэ, удзыжьыр зэрагъэкІуэд культиватору 989-рэ, жылпасэ Іэмэпсымэу 803-рэ, хьэлъэзешэ машинэу 1886-рэ.

- КьыжьыІэн хуейщ республикэм и хозяйствэ куэдым я техникэр якъ зэрыхъуар, пкъралъхъэ пкъыгъуэхэр зэрахуримыкъур, кьызэращэхун ахъши зэрамыІэр, - кьыпищащ и псалъэм Дадэ МуІэед. - Абы кьыхэкІкІэ ди мурадщ къэрал-уней зэдэлажьэкІэр кьэдгъэсэбэну, ятпэхэм зэрыщытам хуэдэу, машинэ-технологие станцэхэр кьэдгъэунэхужыну.

Министрым и къэпсэлъэныгъэм кьызэрыхэщамкІэ, 2015 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу, республикэм и хозяйствэхэм Іэщышхуэу мин 279-рэ, джэдкъазу мелуани 4-м нэблагъэ, мэлрэ бжэну мин 387-м щІигъу яІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэщ гъэхъуным зыщегъэубгъужьынымкІэ сэбэпышхуэ хъуну Іуэхугуэхэм ящыщу кьалытэ, кьуцухьэхъу хьулІэхэр «къэгъэпсэужьыри». А Іуэхугуэм траухуащ, министерствэм дежь гъэ блэкІам кьыщызэрагъэпэщащ, «КЪБР-м и Іэщхэр щаІыгъ кьуцухьэхъу хьупІэхэр» къэрал кІэзонэ Іуэхущіапіэри.

2014 гъэм консерв кьыщІэзыгъэкІ предприятэхэм я продукцэм хэпщІыкІыу хэхъуащ. Апхуэдизу, абыхэм пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэхэ условнэ банкІыу мелуан 200-м щІигъу ягъэхъэзыраш. Ар 2013 гъэм елытыгъэ процент 50-кІэ нэхъыбэщ. УФ-м и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щащар условнэ банкІ мелуани 180-м щІигъу. Къэгъэлъэгъуаныхъэщ, къэралым щащІ хадзэхкІ консервхэм я процент 15-м щІигъур Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэхэм кьызэрыщІэкІри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Коллегиехэр

ЗэфІагъэкІахэр къапщытэж, къапэщылъхэр яубзыху

КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и коллегие щекІуэкІащ Налшык и къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм. Ар теухуауэ щытащ республикэм и щэнхабзэ, гъуэджэ Іуэхущіапіэхэм нэгъабэ зэфІагъэкІа лэжьыгъэм, мы гъэм кьапщытэ кьалэнхэм. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьадин.

АБЫ ЖИІАЩ 2014 гъэр Щэнхабзэм и илъэсу УФ-м зэрыщагъэувар кьалъытэу, республикэм и щэнхабзэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэхэр жэуапльныгъэ ин зыхащІэу нэгъабэ я Іэнатіэм зэрыпэрытар, КЪБР-м и Іэтащхьэр и пашэу щыналъэм кьыщызэрагъэпэща оргкомитетым иубзыхуэхэр тэмэму зэрызэфІагъэкІар.

Министрым кьыгъэлъэгъуащ нэгъабэ Музыкэ театрыр, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр, «Налшык» зыгъэпэсхуПІэр, Кулиев Кьайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрыр, Пъэпкъ музейр, зи нэм фІыуэ имыльагъухэм я библиотекэр, Щэджэм, Нарткъалэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэхэр зэрызэрагъэпэщыжар. КьищынэмыщІауэ, УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр я дзэпэкъуэгъуу, республикэм и библиотекэхэр компьютеркІэ кьызэрагъэпэщащ, Арщыдан, Октябрьскэ, Бахьсэнэнкэ, Балъкъэр Ищэ, Гундзэпэн къуажэхэм Щэнхабзэмкіэ я унэхэм щэнтыщІэхэр щІагъэуващ. Мы зэманым Прималкинскэ станицэм Щэнхабзэмкіэ и унэр зыхуей хуагъаз.

Республикэм и щэнхабзэ Іуэхущіапіэхэмрэ творческэ гупІэхэрэ я лэжьыгъэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ министерствэм Іуэхушхуэ зэфІигъэкІащ. Къэбгъэлъэгъуэмэ, «Кабардинка» ансамбльыр илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу гупыр сценэм зэриты фащэхэр, автобус, республикэм и музейхэм папщІэ машинитІ кьащэхуащ, Шэджэм район администрацэр я дзэпыкъуэгъуу, КІыщокъуэ Алим и цІэр зезыхьэ музей Щхьэлыкъуэ кьуажэм кьыщызэІуахащ, Мэлбахъуэ Тимборэ и фэеплъыр яухуащ, УФ-м и Президентым и унафэм тету, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм гупльытэ хуащІащ. Кьэпцтэмэ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и грантыр хуагъэфэщащ театр гъуэзджэм хэлъхьэныгъэ ІуэІ хуэзыщІауэ кьалытэ и Іуэхущіапіэ пажищым, щэнхабзэм и лэжьакІуэ нэхъыфІу 600-м я стипендиемэ хуэдитІкІэ хагъэхъуащ, уэрэджьІакІуэ, тхакІуэ ныбжьыщІитхум стипендиеу хуагъэуващ сом 3000, пщыІкІутхум сом 1500-рэ хухахащ.

Къумахуэ Мухьадин кьыгъеувыІащ Щэнхабзэм и илъэсым хьыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым жылагъуэщэнхабзэ зэхьхьэшхуэхэр зэрыщрагъэжьэкІуэкІами. Апхуэдизэ республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ гуфІэгъуэ щытыкІэм иту Щэнхабзэм и илъэсыр кьызэрыщызэІуахар, Олимп Джэгухэм ехьэлІа Іуэхуэхэр щыналъэм кьыхэзыщыщэрагъэпэщащ, Олимп мафІэр 2014 гъэм щІышылэм и 30-м Налшык кьызэрахьар, Соч кьалэм республикэм и лІыкІуэхэр зэрыщыІар, гъуэзджэм и Іэпщ1ъэпщІэхэм я лэжьыгъэхэр абы зэрыщагъэлъэгъуар, ТІыхъэжь Алий и фэеплъ зэпеуэу гушыІэжанрым щыджэгу артистхэм яхуэхъам зэрыпащар, къэралымрэ республикэмрэ ягъэльапІэ махуэхэр дахэ, гукъинэж хъурэм я гущІэ зэрыраХьэлІар.

Апхуэдизу министрым кьигъэльэгъуащ адыгэ, балъкъэр цІыхубэ уэрэдыжьхэм я фестивалхэу Кьардэнгъущ Зырамыкъуэ Отаров Омарэ я цІэкІэ кьызэрагъэпэщащ, лъэпкъ пшынэм еуэхэм я республикэ зэхьэзэхуэр, Темыркъан Юрэ и щІыхькІэ кьызэрагъэпэща, симфоние музыкэм и дунейпсо фестивалыр, музыкант цІэрыІуэхэм я концертхэр, «Кьафэхэр - Іуащьхьмахуэ и щІыгум» дунейпсо фестивалыр, «Купола Кавказа» фестивалыр, Май кьалэм щеКІуэкІа «У пушкинского дуба» литературно-Іуэрыіуатэ зэІущІэ, «Кавказ я творчестве Лермонтова» фІэщыгъэр иІэу сурэт щІыныкІэ сабийхэм я республикэ зэпеуэ-гъэльэгъуэныгъэр, Лермонтов Михаил кьызэрагъэльэгъуэ илъэс 200 зэрыриІкъум и щІыхькІэ екІуэкІа «Он твой певец, Кавказ» театрмакъамэ тепльэгъуэр. А псом кьыдэкІуэуи республикэм и гъуэзджэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэм (ПащІэ Бэмырзэ, Мечиев Кязим, КІыщокъуэ Алим, Къэшэж Иннэ, Тхьэгъэзит Зубер, Зумакуловэ Танзиля, нэгъуэщІхэми) я махуэшхуэхэр зэрагъэльэпІар.

Къумахуэр тепсэлъыхьащ республикэм и театрхэм, музеихэм, библиотекэхэм блэкІа илъэсым зэфІагъэкІа лэжьыгъэм, я ехьулІэныгъэхэм. А Іуэхущіапіэхэр зыІууэ гугъуехьхэмрэ ахэр зэфІахьным ехьэлІауэ щыІэ Іэмалхэмри кьытеувыІащ.

2015 гъэм кьапэщылъ кьалэнхэм я гугъу щыІамэ, министрым кьыхигъащащ КЪБР-м и Іэтащхьэм республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззм щэнхабзэм зеГуэужьным ехьэлІауэ кьыщыхьа Іуэхугуэзкэр япэ зэрырагъэщыну. Абы и льэныкъуэкІэ гулъытэ нэхъыбэ хуащІынуц щІэблэр уэзщІыным, Хэкур фІыуэ яльагъуу кьагъэхъуным, нэхъыщхьэращи, зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэм ядэІэпыкъуну, нэхъри зрагъэужьыну, тхакІуэ, усакІуэ ныбжьыщІэхэм кьыхалъхьэ жэрдэмхэр, Іуэхуэхэр ягъэззащІэным ахъшэ хухахынущ. 2015 гъэр Литературэм и илъэсу къэралым зэрыщагъэувам кьыхэкІыу, классикэ литературэм гулъытэ хурагъащІыну, тхылъым и мыхьэнэр, и пщІэр кьаІэтыжьыну, абы и льапІэныгъэр ныбжьыщІэхэм зыхрагъэщІэну я мурадщ.

2015 гъэм зэфІагъэкІыну кьагъэльэгъуа лэжьыгъэхэм я гугъу пщымэ, ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум теухуа зэхьхьэхэр республикэм и районхэмрэ кьуажэхэмрэ щрагъэкІуэкІыныр, Хэку зауэшхуэм и фэеплъэр икІэщІапІэкІэ зыхуей хуагъэззэкъынуц, щІыналъэр зэрыгушхуэ цІыху щэджащэхэм я юбилейхэр ягъэлъапІэнуц, дапщэщи хуэдэу, фестивалхэр, зэпеуэхэр, гъэлъагъэныгъэхэр ирагъэкІуэкІынуц, щэнхабзэ, гъуэзджэ Іуэхущіапіэхэр зэгъэпэщыжьыным теухуауэ зэфІагъэкІ Іуэхуэм пащэнущ. Я кьалэн нэхъыщхьэу кьонэж щІыналъэм и мамырыгъэр, абы щыпсэу льэпкъхэм я зэгурыІуэныгъэр кьызэрагъэпэщыныр.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщім и кьуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ министр **Емуз Нинэ**, КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым и унафэщІ **Вэрокъуэ Владимир**, нэгъуэщІхэри щІыналъэм щэнхабзэм зыщегъэужьыным теухуа я Іуэху елтыкІэхэр кьагъэльагъуэу кьэпсэльащ.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщагъэ **Дроздов Игорь,** КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетым и апэ секретарь **Пащты Борис**, республикэм и районхэм, кьалэ администрацэхэм я Іэнатіэхэм я къуэдзэхэр, щэнхабзэ, гъуэзджэ Іуэхущіапіэхэм я унафэщІхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Зыуэ щыт къэрал экзамен-2015

Пэжу икІи хабзэм тету

Липецк къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ егъэджэныгъэм и фІагъыр къэзыпщытэ Іэнатіэхэм адэкІи зегъэужьыным. Зыуэ щыт къэрал экзаменыр зэрыратэкІуэкІ щІыкІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэпсо семинар-зэІущІэ. Къэралпсо, жылагъуэпсо мыхьэнэ зиІэ я Іуэхугуэхэм тепсэлъыхьащ егъэджакІуэхэр, щІэныгъэлІхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр. ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ и министерствэм и лЫкІуэхэри.

ЗЭХУЭСЫМ хэтахэм къапщытэжащ ипэкІэ екІуэкІа «Егъэджэныгъэм и фІагъыр къызэрахутэ щІыналъэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр» къэралпсо зэпеуэм кьрикІуахэр. ЩІыналъэхэм я егъэджэныгъэ Іэнатіэхэу зэпеуэм щытекІуахэр къызэхуэсахэм ядзэгушащ егъэджэныгъэм и фІагъыр къэІэтыным хуэгъэпсауэ къыхалъхьа мардзэщІэкІэмкІэ, апхуэдизуи егъэджакІуэ, еджапІэ пажэхэр лэжьыгъэм зэрытебгъэгушхуэ хъуну Іэмалхэмкіэ.

- Егъэджакіуэм и лэжьыгъэр, егъэджэныгъэм и фІагъыр къызэрапщытэ Іэмал нэхъыщхьэхэм ящыщу ЕГЭ-р. Мы зэманым гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэр ар къызэгъэпэщыныр егъэкІуэкІыныр я закъуэкъым, атІэ хэпщІытэныгъэхэр зэрызэхэт Іыхьэхэр егъэфІэкІуэнми мыхьэнэшхуэ иІэщ, - жиІащ Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм кІэлъыплъныныкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и унафэщІ **Кравцов Сергей**. - КьащІэтэжа, мы гъэм урысыбзэмкІэ екІуэкІыну экзаменым хэтынукъым тест Іыхьэр. Апхуэдэу школыр къэзыухэм хамэ къэралыбзэхэмкІэ экзаменыр щатым дек, абы щызэхэухуэнауэ щытынущ тхыгъэ къэпщытэныгъэри жьэрыІуатэ Іыхьэри. Нэхъыщхьэр - ЕГЭ-р къэралым къызэрытэнышэу, хабзэ убзыхуахэм тету, гъэпцІагъэрэ хьэгъэщагъэрэ хэмылъу егъэкІуэкІыныращ, абы кьарикІуахэр, псом хуэмыдэу балл льагэ зыхуагъэфэщащ лэжьыгъэхэр, къэпщытэныращ. Экзаменым хэт псомиз егъэджакІуэм, егъэджакІуэм, къэпщытэныгъэр щекІуэкІ щІыпІэхэм я унафэщІхэм, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм, адэ-анэхэм - псоми жэуап яхь ар ныкъусаныгъэншэу зэфІэкІынымкІэ. Дэтхэнэми ткІийуэ игъэзэщІэн хуейщ ЕГЭ-м и хабзэхэр.

Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм кІэлъыплъныныкІэ федеральнэ къуэдзэ Іуэхущіапіэм и мурадщ 2016 гъэм урысейпсо кьэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр курыт школхэм щригъэкІуэкІыну. Абыхэм кьызэщІауибыдэнур школыр кьэзыух ныкъыщІэхэм я закъуэкъым, атІэ пэщІэдзэ классхэм щІэсхэми курыт классхэм щеджэхэми ябгъэдэль щІэныгъэм я фІагъыр къапщытэнущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Гу зылъытапхъэ

Мы гъэми зэпоуэ

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэхущіапіэ 26-рэ хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и саугъэтыр кьыщІэгъэкІхэм я фІагъкІэ кьэхьыныным теухуа щІыналъэ зэпеуэм, «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІи 100» урысейпсо зэхьэзэхуэм. Ди щІыналъэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий мы Іуэхум егъэщІыла гуфІэгъуэ зэхьхьэхэм абыхэм кьыщыхэжаныкІахэр щигъэпэжауэ щытащ.

МЫ ГЪЭМИ апхуэдэ зэпеуэхэр зэхаублэнущ. Ахэр екІуэкІынущ 2015 гъэм и мазаем кьыщыщІэдзауэ мэкъуауэгъуэгъэ къэсхуэу.

Зэхьхьэзэхуэм я кьызэгъэпэщакІуэщ Техникэ гъэтэмэмыныгъэмрэ метрологиемкІэ федеральнэ агентствэр, фІагъым егъэщІыла Іуэхуэхэмкіэ академиер, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щыналъэхэмкіэ, метрологиемкІэ, гъэунэхуныгъэхэр егъэкІуэкІыныкІэ и къэрал щІыналъэ центр» федеральнэ бюджет Іуэхущіапіэр.

Мы гъэм зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэр хуэгъэзауэ щытынущ утыку щагъэлъэгъуэнкІэ зытемыукІытыхьыну хьэпшыпхэмрэ шхынэкІэмрэ кьыщІэгъэкІыным Іуэхущіапіэхэр, абыхэм хъарычэтыщІ лэжьыгъэ мащІэмрэ пэрытхэри яхэту, тегъэгупшхуэным, нэгъуэщІ къэралхэм кьрашхэм я пІэ иувэфыну ягъэхьэзырхэм хагъэхъуэным, фІагъышхуэ зиІэ хьэпшыпхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ Урысеймрэ Таможнэ зэгухьэныгъэм хыхьэ къэралхэмрэ щапхагъэкІыным.

Зэпеуэм хэт хъунущ мылъкум и теплъэ псоми я Іуэхущіапіэхэу производствэ-техникэ мыхьэнэ зиІэ Іэнатіэм пэрытхэр, цІыхухэм папщІэ хьэпшыпхэр зыщІхэр, ерыскъыпхъэхэр, псэуалъэхэр кьыщІэзыгъэкІэр, абыхэм Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр (медицинэ, туристэ, узышпытэгъэ егъэфІэкІуэным ехьэлІауэри яхэту) зыхуэзыщІэхэр.

«Урысейм и хьэпшып нэхъыфІи 100» зэпеуэмрэ КЪБР-м и Іэтащхьэм фІагъымкІэ и саугъэтэр къэхьныныкІэ зэхьэзэхуэмрэ хэтыну зызыгъэхьэзырхэм зыхуэфащэ тхыльхэр щІыгъуу лъэІу ятын хуейщ 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-р къэмысу. Бадзэуэгъуэм абыхэм я Іэдакъэщ1экІэхэр щагъэлъагъуэ зэхьхьэ ирагъэкІуэкІынущ, абыхэм я фІагъыр кьапщытэнущ пщалъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ, псалъэм и хьэтыркІэ, узышпагъэмкІэ зэрыщынагъуэншэр, зэрыгъуэтыгъуэфІэр, н.къ.

ЩІыналъэ зэхьхьэзэхуэм щытекІуа Іуэхущіапіэхэм фІащынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъымкІэ и саугъэтым и лауреат» цІэр, иратынущ дипломрэ саугъэтрэ. Ахэр хуит ящІынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм фІагъымкІэ и саугъэтым и лауреат» псалъэхэр я тхыльхэм, рекламэхэм кьыщагъэсэбэпыну. «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІи 100» зэпеуэм пашэ щыхьэхуэхэм Іэмал ягъуэтынущ «Урысейм фІагъ зиІэ - Урысейм и хьэпшып нэхъыфІи 100» каталогым езыхэм я Іэрыкъхэр хагъэхьэну, апхуэдэу абы теухуа хьыбарыр «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІи 100» Программэм и Интернет-сайтым ираухьэну. Бжьыпэр зыубыдахэм зэпеуэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр - «ФІагъ и лъэныкъуэкІэ пашэ» саугъэтыр хуагъэфэщэнущ. Лэжьыгъэ лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэм щытекІуахэм щхьэкІэ ягъэуващ «Хэкур зэрыгушхуэ», «ФІагъым и ІэфІагъыр», «ИльэсымщІэуэ кьытхуихьахэр» саугъэтхэри.

Зэхьхьэзэхуэм щытекІуахэр 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 15-м - ФІагъым и дунейпсо махуэмрэ ФІагъым и европей тхьэмахуэ зэхуакумрэ - ирихьэлІэу ягъэпэжэнущ.

Республикэм и Іуэхущіапіэхэр фыдогъэблагъэ пщІэшхуэ зиІэ а зэпеуэхэм фыхэтыну.

Абыхэм ятеухуа хъыбархэр нэхъ пыухыкІауэ «Къэбэрдей-Балъкъэр ЦСМ» федеральнэ бюджет Іуэхущіапіэм кьыщыфІэрыхьэнущ: Налшык къалэ, Елберд ым и цІэр зезыхьэ уэрам, 45. Телефоныр: 74-01-73.

Зэпеуэхэр езыгъэкІуэкІ комиссэ.

НыбжьыщІэхэр ирагъэблагъэ

● Зэныбжьэгъухэр-2015

Кьалэн куэд щагъэзащІэ щІалэгъуалэм центрым «Хэкупсэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм пресс-конференц щригъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ 2015 гъэм и мазаем щыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым «Зэныбжьэгъухэр» Іуэхум зэрыщыпащэм.

ЗЭХЫХЬЭР кьызэрегъэпэщ «Хэкупсэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Лъэпкъ псапащІэ фонд» урысейпсо жылагъуэ фондым, КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэр я дзэпыкъуэгъуу.

«Зэныбжьэгъухэр» хабзэр Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ кьадокІуэкІ. Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм щыщІ цІыхухъухэр ныбжьэгъу зэхуэхъуу, зэкІэлъыкІуэу щытащ.

Іуэхур зыиунтІ Кубаевэ Мадинэ жиІащ зэгурыІуэу, зым и хабзэм адрейм пщІэ хуищІу илъэсищэ бжьыгъэ хъуауэ кьызэдэгъуэгурыкІуэ лъэпкъэм я зэныбжьэгъугъэм зрагъэубгъуну зэрамурадыр. Абы зэрыжиІамкІэ, проектым кьыхашэнущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм, Адыгэ, Осетие Ипщэ республикэхэм щыщ щІалэхэр. Илъэс 14 - 16 зи ныбжьы мы щэнхабзэм и лэжьакІуэ нэхъыфІу 600-м я стипендием хуэдитІкІэ хагъэхъуащ, уэрэджьІакІуэ, тхакІуэ ныбжьыщІитхум стипендиеу хуагъэуващ сом 3000, пщыІкІутхум сом 1500-рэ хухахащ.

Къумахуэ Мухьадин кьыгъеувыІащ Щэнхабзэм и илъэсым хьыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым жылагъуэщэнхабзэ зэхьхьэшхуэхэр зэрыщрагъэжьэкІуэкІами. Апхуэдизэ республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ гуфІэгъуэ щытыкІэм иту Щэнхабзэм и илъэсыр кьызэрыщызэІуахар, Олимп Джэгухэм ехьэлІа Іуэхуэхэр щыналъэм кьыщызэрыщызэрагъэпэщащ, Олимп мафІэр 2014 гъэм щІышылэм и 30-м Налшык кьызэрахьар, Соч кьалэм республикэм и лІыкІуэхэр зэрыщыІар, гъуэзджэм и Іэпщ1ъэпщІэхэм я лэжьыгъэхэр абы зэрыщагъэлъэгъуар, ТІыхъэжь Алий и фэеплъ зэпеуэу гушыІэжанрым щыджэгу артистхэм яхуэхъам зэрыпащар, къэралымрэ республикэмрэ ягъэльапІэ махуэхэр дахэ, гукъинэж хъурэм я гущІэ зэрыраХьэлІар.

Апхуэдизу министрым кьигъэльэгъуащ адыгэ, балъкъэр цІыхубэ уэрэдыжьхэм я фестивалхэу Кьардэнгъущ Зырамыкъуэ Отаров Омарэ я цІэкІэ кьызэрагъэпэщащ, лъэпкъ пшынэм еуэхэм я республикэ зэхьэзэхуэр, Темыркъан Юрэ и щІыхькІэ кьызэрагъэпэща, симфоние музыкэм и дунейпсо фестивалыр, музыкант цІэрыІуэхэм я концертхэр, «Кьафэхэр - Іуащьхьмахуэ и щІыгум» дунейпсо фестивалыр, «Купола Кавказа» фестивалыр, Май кьалэм щеКІуэкІа «У пушкинского дуба» литературно-Іуэрыіуатэ зэІущІэ, «Кавказ я творчестве Лермонтова» фІэщыгъэр иІэу сурэт щІыныкІэ сабийхэм я республикэ зэпеуэ-гъэльэгъуэныгъэр, Лермонтов Михаил кьызэрагъэльэгъуэ илъэс 200 зэрыриІкъум и щІыхькІэ екІуэкІа «Он твой певец, Кавказ» театрмакъамэ тепльэгъуэр. А псом кьыдэкІуэуи республикэм и гъуэзджэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэм (ПащІэ Бэмырзэ, Мечиев Кязим, КІыщокъуэ Алим, Къэшэж Иннэ, Тхьэгъэзит Зубер, Зумакуловэ Танзиля, нэгъуэщІхэми) я махуэшхуэхэр зэрагъэльэпІар.

Къумахуэр тепсэлъыхьащ республикэм и театрхэм, музеихэм, библиотекэхэм блэкІа илъэсым зэфІагъэкІа лэжьыгъэм. А Іуэхущіапіэхэр зыІууэ гугъуехьхэмрэ ахэр зэфІахьным ехьэ

Си еджапІэ - си къежьапІэ

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ

● Япэ итахэр

Хэкупсэ нэс ЛІыгъур Ибрэхьим

ЩыІэщ цІыху, цІэ лъапІэхэр имыІэу, къулыкъу лъагэхэри имыІыгъу, ауэ щыхъукІи жылагъуэм пщІэшхуэ къыщыхуащІу. Апхуэдэхэм ящыщт Старэ Крепость (иджы Бахьсэн) жылэм къыщалъхуа ЛІыгъур Ибрэхьим.

ЛІЫГЪУРЫМ и гъащІэм зэхъуэкІынигъэ ин щигъэтар 1914 гъэрщ. И анэмкІэ и Іыхьлы Дыэм Іэдэм (ар абы щыгъуэ Бахьсэн типорафием и унафэщІт) и чэнджэщкІэ икІи дэІыгъыныгъэкІэ щІалэщІэр Мысырым (Египетым) еджапІэ кІуаэу щытащ. Каир дэт Ал-Азхар университет щІрыІуэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэташ Ибрэхьим. Хьэрыпыбзэм нэмыщІ, абы фІы дыдэу зригъэщІат инджылызыбзэри.

1922 гъэм хэкум кьигъэзэжа нэужь, ЛІыгъур егъэджакІуэу уватщ я жылэм дэт школым. Лэжьыгъэм хуэІэкІуэльапкІуэу зыкъзэыгъэльэгъуэ Іэщ Іагъэлъ щІалэр илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкІыеу еджапІэм и унафэщІу ягъэув икІи зэфІэкІыкІу бгъэдэлъ псори наІуэ къещІ. Абы иригъэджахэм ящыщщ КІыщокъуэ Алим, Щоджэнщ ыкІу Іэдэм сымэ. КІыхьэгъащІыпхъэщ зэман гуэркІэ ар Щоджэнщ ыкІу Алий, адыгэ литературэм и классик цІэрыІуэм, дэлэжьауэ зэрыщытар.

Алийрэ Ибрэхьимрэ зэрыщыкІу лъандэрэ зэрыцІыхурт. Ибрэхьим ипхъу нэхъыжь Лолэ зэрыжиІэжьымкІэ, абы и цІэр къыфІэзыщар Алийт.

- Щоджэнщ ыкІымрэ ди адэмрэ зэныбжьэгъуу щытащ. Иджыри сыцІыкІуу, си адэм куэдрэ сишэрт езыр щылажьэ школым. Абы сыщыхуэзэрт Алий, - игу кьежьащ Лолэ. - Сыту псаалъэ дахэ куэд къызэкІэрэт абы, усэ мымащІи къысхуеджа ар! Альфбейм и хьэрфхэри сэзыгъэцІыхуари Алийщ. А махуэхэр сэ зэи сщыгъупщэнукъым...

ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 30 гъэхэм и кІэм политикэ лей зытехьахэм ящыщщ ЛІыгъур. Ар зэрагъэкъуэншахэм ящыщщ зи унафэщІ школыр 1936 - 1937 гъэ еджэгъуэм ирихьэлІэу къызыхутыншэу зэпэщ зэримыщІар, еджакІуэхэр зыбгъэдэс партэхэр егъэджэныгъэмкІэ наркомым игъэува мардэхэм зэрыхуэмыкІуэр. Апхуэдэу цІыху зыбжанэ щыхьэту къэуващ хамэ къэралым къикІыжу хэкум къызэригъэзэжам Ибрэхьим хущІегъуэжа хуэдэу икІи ар къызыхэкІа унагъуэм революцэм и пкІэ яІа бей псэукІэм зэІухауэ тепсэлъыхьу. А псори лъабжьэ зыхуаІа дэфтэрым итт: «Кулак унагъуэм къыхэкІа, хамэ къэралым щІэныгъэр Іэщ Іагъэзэ щыхьэныгъуэту абы илъэс бжыгъэкІэ щыпсэуа ЛІыгъур Ибрэхьим щалъхуа щІыпІэм къызэригъэзэжрэ колхоз псэукІэм и бийуэ мэпсалъэ, Совет властым и лъабжьэр къэзыгъэтІасхъэ лэжьыгъэхэр ирегъэкІуэкІ...»

Апхуэдэ тхыльэ зыхуатха дэтхэнэм и дежкІи ар кІуэдыпІэт. Апхуэдэуи хъуащ. КъБАССР-м и НКВД-м и унафэкІэ ЛІыгъур Ибрэхьим ХьэкІашэ и къуэр илъэсыр 10 тралъхьэри политикэ гъэрхэм тезыр щрахьэкІ Соловецк (цыхухэр «Соловки»-кІэ еджэрт) ягъэкІуащ.

Зы махуи мычэму илъэси 10-р ирихьэкІащ ЛІыгъурым. Щалъхуа щІынальэм къигъэзэжа нэужь, ар Іэщ фермэм щылэжьащ бригадиру, абы и унафэщІу. Лажьэншэу мысэ ящІа цІыху пэжым лъэІу тхьпІэ мызэ-мытІэу итхащ республикэм и унафэщІхэм я деж, и Іуэхум иджыри зэ хэплъэжьну къыхуриджэжь. 1958 гъэм и мэкъуаэгъэгъэм КъБАССР-м и Суд нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищІащ КъБАССР-м и НКВД-м 1937 гъэм фокІадэм и 17-м къыдигъэкІауэ щыта и унафэм къару имыІэжу, ар зыхуэгъэпсам къуаншагъэ лъэпкъ зэрыбгъэдэмыльым къыхэкІкІэ.

Апхуэдэу захуагъэр зэфІэувэжащ, ЛІыгъурри хей ящІыжащ.

Бластым и лей зытекьэу апхуэдизу гугъу ехьа цІыхур абы хуэшхыдэу, хуэдзэлашхэу дэувэнкІэ хъунут, ауэ апхуэдэтэкъым Ибрэхьим. Абы фІы дыдэу ищІэрт бзэгу зыхьу пцІы къытезылъхьахэр хэтми, арщхьэкІэ абыхэми закъригъэщІакъым, я цІэхэри и унагъуэм исхэм ящибзыщІащ. КъыкІэщІэтхьыхьахэм ящыщт ешэр илъэс бжыгъэ куэдкІэ школым зыщыдэлажьа гуэрри. Адэм и лъэужьым ирикІуэу егъэджакІуэ Іэщ Іагъэр къыхэзыха ипхъэхэри, иджы къыхэзыщІэкІакІэ, а цІыху икІэм дэлэжьащ, пщІэ хуащІрэ и адэм и фэеплъу жраІэу. Апхуэдэу щымытынкІэ хъунут, дауи, Ибрэхьим и гурылъ псори быным яхуиІуэтауэ щытамэ...

Къэралым и екъулІэныгъэм и гуащІэ ирихьэлІэу, жьыджэру гъащІэм хэтащ ЛІыгъур. Пенсэм кІуа нэужьи, ар жылагъуэ Іуэхухэми хэтащ, хамэ къэралхэм щыІэ адыгэхэм ябыщІауэ щытащ. Хьэрыпыбзэр фІыуэ зэрищІэм къыхэжкІэ, ЛІыгъурыр Іэжьакіуэ ирагъэблэгъат КъБКъУ-ми, арщхьэкІэ «си ныбжьыр хуэжІуэжьыркъым» жиІэри идакъым.

Хэкупсэ нэсым хуэфащэ дыдэщ къыщІэхъуа бынри. Ибрэхьим ипхъу нэхъыжь Лолэ илъэс 25-кІэ Іэжьащ «Восток» кинотеатрым и унафэщІу. Ар КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щыхъ зиІэ и Іэжьакіуэщ, УФ-м и кинематографиемкІэ щыхъ зиІэ и Іэжьакіуэщ. Хьыджэбз нэхъыщІэ Лидэ илъэс 55-кІэ щригъэджащ и адэр щылэжьа школым. Абы щыщу илъэс 20-м щІигъкІэ Іуэхущапіэм и унафэщІу щытащ. Лидэ РСФСР-м щыхъ зиІэ и егъэджакІуэщ. Абы къыхуагъэфэщащ ГуащІэдэкі Бэракъ Плъыжь орденыр, нэгъуэщІ дамыгъэ лъапІэхэр, щыхъ, фІыщІэ тхыльхэр. Зэшыпхъуэхэр мызэ-мытІэу хахащ цІыхубз депутату, къыхуащІ дзыхьыр ягъэпэжу я пщэрылъхэр дапщэщи ирахьэкІащ.

Апхуэдэ гъащІэ купщІафІэ ирикІыжкІащ, щІэблэ уэныншэ къыщІэхъуащ ЛІыгъур Ибрэхьим. 1987 гъэм дунейм ехьажауэ щытащ ар. ДощІэж: Ибрэхьим щыщІалъхьэ махуэм дыуэр дзэзыгъэщІ ефэндым жиІат: «Бахьсэным и вагъуэр ынкІыфІащ».

Ар ешэрт тхыльхэм зыхуатха дэтхэнэм и дежкІи ар кІуэдыпІэт. Апхуэдэуи хъуащ. КъБАССР-м и НКВД-м и унафэкІэ ЛІыгъур Ибрэхьим ХьэкІашэ и къуэр илъэсыр 10 тралъхьэри политикэ гъэрхэм тезыр щрахьэкІ Соловецк (цыхухэр «Соловки»-кІэ еджэрт) ягъэкІуащ.

Егъэджакіуэ Іэщіагъэр игъащіэми халъытэ пщІэрэ щыхьрэ зиІэхэм, апхуэдэуи нэхъ Іэщіагъэ гугъуэхэм икІи жэуаплыныгъэ ин зыпылъхэм. Убгъэдэлъ щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ сабийхэм гуми псэми къабгъэдэкІыу, хьэлэлу тыхь яхуэщІыфын щхьэкІэ, хьэзэрыслъытэмкІэ, а Іэщіагъэм Тхьэм укъыхуигъэщІауэ щытын хуейщ. Апхуэдэ егъэджакіуэ нэсхэр, зи гу хуабагъыр щІэблэм яхуэзыгуэшхэр, гуимыхуж ящохъу я гъэсэнхэми.

ХЬЭТІОХЪУЩЫКЪУЕЙ къуажэм КІурашын ТІэхьир и цІэр зэрихьэу дэт курыт школ №1-м иджыблагъэ щагъэльэпІар зи гугъу тщІы егъэджакІуэхэм хуэдэхэрт. Школым и актовэ пэшышхуэм Іэгуауэкіэ къаргъэблагъэ егъэджакіуэ нэхъыжьхэм ящыщ дэтхэнэми и нэгум къишыгрт ешым къикІуа гъащІэ гъуэгуанэр. Ауэ щыхъукІи, абыхэм псоми ззхуэдэу яхэлъ мы Іуэхугуэр: дэтхэнэми и гъащІэмрэ школымрэ зэхэзухэнат, дэтхэнэми егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхум илъэс 30-м щІигъу иритат. Апхуэдэхэт, педагогикэ лэжьыгъэм и ветеранхэу Молэ Лиуан, Цораев Майрам, Пыхъ Мухьэмэд, Джэдгъэф Хъусен, КІурашын Алий сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм фІэхьус псалъэ гуапэхэмкІэ къапежьащ Бахьсэн район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Къаздэхъу Олег**, егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм и унафэщІ **Абрэдж Тамарэ**, куейм и егъэджакіуэхэм я профсоюз зэгухьэныгъэм и комитетым и пашэ **Молэ Хьэсен**, Іуэхур щекІуэкІ школым, жылэм дэт адрей еджапІэхэм я унафэщІхэр, егъэджакіуэхэр, еджакіуэ цІыкІухэр.

Пшыхьыр гъэщІэгъуэну, гукъинэжу екІуэкІащ. Псоми ягу ирихьащ курыт школ №1 и егъэджакіуэхэмрэ езанэ классым щеджэ цІыкІухэмрэ макъамэзрэ псалъэу зэхэлъ я фІэхъус гуапэр. Егъэджакіуэхэм ятеухуа уэрэд къызэхуэсахэм тыгъэ хуащІащ курыт школ №2-м и 4-нэ классым щІэсхэм. Ветеранхэр щылэжьа соет лъэхъэнэр ягу къагъэкІыжащ курыт школ №3-м и пионер хорым хэтхэм ягъэззэщІа уэрэдхэм, жаІа усэхэм.

ЕгъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм и лэжьакіуэ нэхъыщхьэ КъуэщІысокъуэ Беллэ и къэпсэльэныгъэр теухуауэ щытащ районым и школхэм я лъабжьэр зыгъэтІылъауэ щыта урыс егъэджакіуэхэм. Абы тещІыхьат еджакіуэхэу Тембот Лянэрэ Бгъэжьнокъуэ Миланэрэ ягъэхьэзыра проект лъэмыдэ къупщІафІэри. «Ди егъэджакіуэ унагъуэр» проект лэжьыгъэ хьэлэмэт утыку къриухащ курыт школ №1-м и 5-нэ классым щеджэ Джэдгъэф Диныр.

Зэіущіэм кърихьэлІахэм видеокІэ закъыхуигъэзащ егъэджэныгъэм и ветеранхэм ящыщу нэхъыжь дыдэ Тэтрокъуэ Еленэ. Абы фІыщІэ ин яхуищІащ пшыхь гуапэ кІуэзэзыгъэпэщащхэм икІи псоми ехьэхъуащ узыншагъэ быдэ, унагъуэ зэІуэпэщыныгъэ яІэну, екъулІэныгъэщІэхэр зыІэрагъэхьэну.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм зи гъащІэ псор тыхь хуэзыща нэхъыжьхэу нобэкІэ кьыгъэмытыжхэм ятеухуа гукъэкІыж куэди щыІуащ зэхуэсым. Гумрэ псэмрэ кьеІэрт курыт школ №3-м урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Нэхущ Мадинэ и къэпсэльэныгъэр. Ар теухуат зи лъэужьым езыр ирикІуа и анэ, егъэджакіуэ Афэщ Іагъэр ЪхэІишэт. Курыт школ №1-м и унафэщІ Нэхущ Аллэ, еджапІэм и нэгъуэщІ лэжьакіуэхэми гуапэу ягу къагъэкІыжащ нэхъыжьыфІу, Іэщ Іагъэлі гъуэзэджэу щыта КІурашын ТІэхьир. Нобэ абы и цІэр зэрехьэ ар щыгъэжьа школым. А цІыху псэ кьабзэм теухуа псалъэхэм иужькІэ еджакіуэ Жэмыхъуэ Эристанэ игъэзэщІа «Уэрыншэу дунейр нэщІщ» уэрэд щІэрыІуэм куэдым я нэпсыр къригъэкІащ.

Зэіущіэм икІэм иджыри зэ къраІуащ егъэджэныгъэ лэжьыгъэм и ветеранхэм я щІэхэр, абыхэм Іэгуауэ ин хуэІэтащ, пщІэрэ щыхьрэ хуащІу. Абрэдж Тамарэрэ Молэ Хьэсенрэ пшыхьым и хьэщІэ нэхъыжь лъапІэхэм тыгъэ хуащІащ фІыщІэ тхыльхэр, фэеплъ саугъэтхэр. Ветеранхэм фІыщІэшхэр ящІащ къыхуащІа гулъытэр. НыбжьыщІэхэм зыщыхуагъаззм, ахэр хъуэхъуащ еджэныгъэ ехъулІэныгъэщІэхэр щызыІэрагъэхьэну, къапэщІыпІэ экзаменхэр лъэпощхьэпоуншэу ятыну, къызыхэкІа лъэпкъым хуэфащэу дунейм тетыну.

Пшыхьым къекІуэлІа псоми я гукъыдэжыр кьаІэту абы уэрэд дахэхэр щыжагащ Урысей Федерацэм и лъэпкъэм я артиадэм и лауреат Къул ФатІимэ, КъБР-м и филармонием и уэрэджыІакіуэхэу Хьэкъул Оксанэ, Тхьэзэплъ Залинэ, Хьашьыргъэ Мухьэмэд сымэ, урысей эстрадэм и вагъуэщІэ Тхьэкіумащ Аслъэн, нэгъуэщІхэми.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Хьэтіохъущыкъуей къуажэ.

● Пшыхьхэр

Зи гу хуабагъыр щІэблэм яхуэзыгуэшхэр

Егъэджэныгъэм и ветеранхэр ягъэлъапІэ.

Пионер хорым хэтхэм уэрэд жаІэ.

● Еджакіуэхэм папщІэ

Къэпщытэныгъэхэм фащымышынэ

ШколакІуэхэр хуабжьу егъэгузавэ къапэщылъ къэпщытэныгъэхэм, псом хуэмыдау Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм. ЕгъэджакІуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ зыщагъэгъэпщэ зынукъым сабийхэм ядэІэпыкъун, ахэр тегъэгушхуэн, Іуэхур ядэгъэпсынщІэн зэрыхуейр. Езы ныбжьыщІэхэми чэнджэщ щхьэпэ зыбжанэ еттынут, Ахэр щыгъэхьэзырым тегъэщІапІэ тщІащ егъэджакІуэхэр, Іэщ Іагъэлі Іэхэр а Іуэхум зэрепльыр.

ЭКЗАМЕНХЭМ зыщыхуэвгъэхьэзыркІэ, псом япэу фыщылэжьэну стІолыр зыхуэя хуэвгъаэз, фызэрылэжьэну щІыкІэм и план зэхэфлъхэ, фызэреджэмрэ зэрызывгъэпсэху зэманымрэ чэзу фщІымэ, лэжьыгъэр фи щхьэм нэхъ иубыдынущ. Псалъэм и хьэтыркІэ, дакьикьитІкІэ зывгъэпсэхун хуейщ. Псом ящхьэращи, фымыгужьеи, зы упщІэм жэуап евмытыфми, адрейм ефтыфынущ.

ЩІэныгъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, экзаменым и пэ ит жэщым зыгъэпсэхун хуейщ. Экзаменым дежь фызыпэрыхьа лэжьыгъэри Іыхьитіу вгуэшмэ, (нэхъ гугъуэр тыншкІэ) нэхъыфІщ. Нэхъ тыншымкІэ къыщІэвдзэмэ, абыхэм я жэуапыр хьэзыру фиІэнущ, къывэгъуэкІым фелэжьынуи зэман къыфхуДэхуэнущ.

Фызыщымыгъуазэ е фщыгъупщэжа лэжьыгъэм фыкъытеувыІэу зэманыр фымыгакІуэ, ахэр иужь кІивни итІанэ фегупсысыжынщ. ЖЭуапхэр къызэрыпщытэжын зэманы къэгъэнэн хуейщ. Апхуэдэу зыщывмыгъэгъупщэ тест лэжьыгъэхэр Іэмал зэриІэкІэ нэхъ тыншу зэрызэхэлъхьэр, пэжу фтха жэуап зыбжанэм къыфхуихь баллым фрикъунщІ зэрыхъунурэ зэвгъащІэ.

АФІЭУНЭ Санэ.

Хужьокъуэ Владимир и цІэр зэрехьэ

Налшык къалэ округым и щІыпІэ самоуправленэм иджыблагъэ къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, къалащхьэм дэт гимназие №29-м фІащащ дипломат цІэрыІуэ, дзэ-тенджызІуэхуэхэмкІэ атташе. Дзэ дипломатхэм я лигэм и президенту щыта, контр-адмирал Хужьокъуэ Владимир Жанхъуэт и къуэм и цІэр. Хужьокъуэзэ я лъэпкъым фІы щІэ ин хуащІ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, КъБР-м и Ветеранхэм я советым, егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ департаментым, гимназием и унафэщІхэм, адыгэлі щыпкъэм апхуэдэ гулъытэ лъагэ хуэфащэ дыдэу зэрыхуащІам папщІэ.

ХУЖЬОКЪУЭ Владимир Шэрдэж Ищхъэрэ къуажэм 1929 гъэм къыщалъхуащ. Налшык дэт курыт школ №8-р дыщэ медалкІэ къиуха нэужь, Бауманым и цІэр зэрихьэу Москва дэт Техникэ еджапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьащ. И анэр сымаджэ хьэлъэ зэрыхъуам ехьэхкІыу, еджэныр Іэщ Іыб ищІри щалъхуа щІыпІэм къигъэзэжащ Владимир. ИужькІэ ар щеджащ икІи екъулІэныгъэ иІэу къиуващ Ленинград (иджы Санкт-Петербург) дэт Инженер-техникэ еджапІэ нэхъыщхьэр. 1959 гъэ пщІондэ Балтикэ флотым къыщыкъуэ щищІащ. Совет Армэм и Дзэ-дипломат академиер 1961 гъэм къиуха нэужь, и Іэщ Іагъэм теухуа кьулыкъу иІыгъыу Великобританиемк щылэжьащ. 1972 - 1976 гъэхэм езанэ рангым и капитан Хужьокъуэр щытащ СССР-м Великобританиемк щиІэ посольствэм дзэ-тенджызІуэхуэмкІэ и атташеуэ.

1976 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэс 15-кІэ Владимир кьулыкъу щищІащ СССР-м Іэщ Іэкіэ Зэщ Іэуэзэда и Къарухэм и ПІасхъэщІэх управленэ нэхъыщхьэм. 1980 - 1991 гъэхэм абы ирихьэкІащ СССР-м ЗыхьумэжьныгъэмкІэ и министерствэм Хамэ къэрал зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и унафэщІ къупкъуар. Абы щыгъуэщ Хужьокъуэм контр-адмирал цІэр къыщыфІащар. «Зауэ щыІэр» щекІуэкІа лъэхъэнэм Владимир зэфІэкІ и къигъэльэгъуащ, ЗыхьумэжьныгъэмкІэ и министерствэмрэ США-м и апхуэдэ Іэнатіэмрэ яку дэлъа зэпсэльэныгъэхэр ящыхуэтыншэу къызэригъэпэщащ.

И ныбжьыр нэсу пенсэ кІуа нэужь, Хужьокъуэм къызэригъэпэщащ «Дзэ дипломатхэм я лигэ» зэгухьэныгъэр икІи и президенту щытащ, 2012 гъэм дунейм ехьажьыкІащ.

Сыт хуэдэ къалэнхэр имыгъэзэщІами, Хужьокъуэ Владимир дапщэщи щытащ Хэкум, щалъхуа и щІыналъэм яхуэпэжу. Москва щыпсэуми, ар яныщІауэ щытащ щалъхуа щІыналъэм, абы и цІыхухэм. Адэм и лъэужьым ирикІуащ и къуэри.

Адыгэлі цІэрыІуэ, хэкупсэ нэс Хужьокъуэ Владимир и гъащІэр щапхъэ нэс яхуэрехьу и цІэр зыфІащауа курыт еджапІэм и гъэсэнхэм, лъэпкъым къытщІэхъуа щІэблэм.

ЬЪАРДЭН Маритэ.

● Іуэху зехьэкІэ пэрыт

Къалэн нэхъыщхьэр егъэзащІэ

Шэджэм щІынальэм хыхьэ Нартан къуажэм дэт курыт школ №1-р къыззрызІуахрэ илъэс 75-рэ ирикъуащ. Зауэ зэман гуэрри нужьІкІэ лъэхъэнэ зыбжани зыльэгъуа щколым абы лъандэрэ егъэджакІуэ куэди унафэщІ зыбжани зэрихьэкІащ. Ауэ ар дапщэщи хуІокъу и къалэн нэхъыщхьэр - щІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныр - къызыхуэтыншэу зэригъэзэщІэным.

ЕДЖАПІЭМ и унафэщІу 1988 гъэ лъандэрэ щыт Щоджэн Руслан хуэлъэкІащ ди зэманым къеззгъыу щколым зригъэужьын. Куэд щІакъым Іуэхущ Іапі Іэм епІанэ блокыр къызэрыщызэІуахрэ. Абы хохьэ егъэджакІуэхэри абыхэм я гъэсэнхэри илъэс куэд щІауэ зэжьа Іэнатіэ зыбжанэ. Къащтэмэ, спорт зал зэрамыІэм къыхэкІыу, физкультурэмкІэ дерсхэр зэман кІыхькІэ щІыбым щрагъэкІуэкІащ. Иджы еджакІуэ цІыкІуэхэр ягуми я псэми дыхьэу, хуэпІащІэу макІуэ а урокхэм. Апхуэдэщ актовэ пэшышхуэри. Школым щекІуэкІ зэІуэпІэхэр, ар иужьрей уэзджынэм и махуэшхуэу щрет е Илъэсыщ Іэ зэхьыхь ирехъу, иджы абы щокІуэкІ. ЦІыхуи 150-м щигъу зыщІэхуэ пэшышхуэр къызыхутыншэу зэпэщащ. Сабийхэм я шхапІэри Іэхуитхъэхуитщ. Сабий 250-рэ зэуэ щышхэ ар зэрыпщафІэ иджырей техникэкІэ къызэгъэпэщащ, апхуэдэщ шхапІэм щІэт унэльащІэхэри.

Жылэдэсхэр зэрыгушхуэщ школым щыІэ «Зауэ щІыхьым и музейр». Къыхэгъэщыпхъэщ абы щІэлъ дэфтэрхэри хьэпшыпхэри егъэджакІуэхэм я нэІэм щІэту еджакІуэ цІыкІухэм кърахьэлІауэ зэрыщытыр.

- Сабий 500-м щигъу щоджэ ди школым. ЦІыкІухэр зэкІуалІэ пэшхэр зыхуейзыхуэфІэкІэ къызэгъэпэщауэ жыпІэ хъунущ. Дэтхэнэми щІэтщ интерактивнэ доска, апхуэдэу щІэлъщ нэрылъагъу пособие купщІафІэхэр. Апхуэдэ Іэмэпсымэхэр хуабжьу сэбэнщ еджакІуэхэм щІэныгъэ зрагъэгъуэтыныжкІэ. Апхуэдэу школакІуэхэм я дуней еплъыкІэми зрагъэжь абыхэм, - жеІэ школ унафэщІым. - Мыхьэнэшхуэ иот Зыуэ щыт къэрал экзаменыр къызыхуэтынщэу зэфІэхьынми. ЕГЭ-р щекІуэкІ пэшхэр щыІэ хабзэхэм хуэкІуэу къызэгъэпэщащ.

Балигъ гъащІэм, щІэныгъэм я гъэзэгу захуэхэм ныбжьыщІэхэр тегъэувэныр, абыхэм гъэсэныгъэ екІу зэхэлъхьэныр зыгъэнэхъапэ Іуэхущ Іапі Іэм екъулІэныгъэщІэхэр иджыри зыІэригъэхьэну ди гуапэщ. ЩІэблэм я гъэгугъэльагъуэу, унэтІакІуэу щыт егъэджакІуэми и щІэм хэхуэ зэпыту щрырет.

КУШБОКЪУЭ Маринэ.
Нартан къуажэ.

● Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу

Гум къиІукІ сатырхэр

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекІуэныгъэ къызэрыщихьрэ илъэс 70 зэрырикъум теухуа Іуэхугъуэ купщІафІэхэр дэнэкІи щокІуэкІ. А мафІае илъэсхэм къарур, узынщагъэр, уеблэмэ зи псэр хэзылъхьэу дунейпсо мыхьэнэ зиІэ а гуфІэгъуэ махуэшхуэр къытхуэзыхьа ди совет зауэлІхэм, абыхэм ежьэу, къызэранэкІа быныр япІэ фронтми зэралъэкІкІэ зыщІэзыгъакъуэу а зэман хьэлъэр езыхьэкІа ди цІыхухэм я пщІэр жылагъуэм къыщыІэтыным доліалІэ дэтхэнэри.

ДИ ДЖЭРМЭНШЫК жылэм щыщу зауэм дэкІащ цІыхуи 176-рэ. Абыхэм ящыщу 95-м къагъэзэжакъым. ТекІуэныгъэм папщІэ зи псэр зытехэм яхэтащ си адэшхуэ МафІэдэ Хьэжмусэ. Абырэ «Фызабэ» цІэ хьэлъэр зауэм зыфІища ди къуажэгъу бэлъхъугъэ 59-м ящыща си анэшхуэ Улэрэ я фэеплъу стха усэ цІыкІур «Адыгэ псалъэм» къытевдзамэ, си гуапэт. СызэригугъэмкІэ, си гум къиІукІ а сатырхэр зауэм зеиншэ ищІа дэтхэнэми и псэм нэсыныр.

Зауэм и удынхэр

Зауэшхуэр блэкІри, и фэеплъу
Илыпщ Іа гухэр къигъэнащ.
Тхылъ напэ фІыцІэу игуэшахэм
Зеиншэ сабий куэд ищІащ.
Зи адэр зауэм хэкІуэдахэм
Си анэ Зои хиубыдат,
Щхьэгъуэсэм къигъэна бынихым
Анэшхуэ Ули ягъэтхъуат.
Пэпльащ ди нанэ, еш имыщІэу,
Зауае мафІэм хыхьа лІым,
Ди Хэкуу лъапІэм къыщхьэщыжу
Щхьэгъусэм и псэр итыгат.
Зи къэжэпхъыгъуэ цІыкІухэм папщІэ
Лъэкі псори анэм игъэхъащ.
Бгыр щІэкъуэзауэ ар псэуами,
ЦІыху пэжу быныр игъэсащ.
Зи сыным щабэу Іэ худалъэм
МафІэдэ Хьэжмусэ хэмыхуат.
ЩІэблэр и псалъэ щІипІыкІыну
АдэфІыр зи хунэмысат.
Зэрыгъуэтащ унагъуэр нобэ -
Быныпсэр хьэршым ихьэжащ.
Ди нэхъыжьыфІхэм я фэеплъу
Сын щІыІэр щІэблэм къытхуэнащ.
Къремыхъуж афІэкІ зы зауи,
Дыхуейкъым, дремыІэ бий.
Иремыпыхэз зы щхьэгъуси,
Иремыгуі э ди сабий.

ИУАН Жаннэ,
адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ.
Джэрмэншык къуажэ.

Артистт, драматургт, уэрэджыІакІуэ Іэзэт

Адыгэ драматург, артист цІэрыІуэ ЩхьэгъэпсО Мухьэмэд Мэжид и къуэр Аруан районым хьихьэ Псыгуэнэсу къуажэм къыщалъхуащ 1915 гъэм мазаем и 23-м.

СТАРЭ Щэрэдж къуажэ щыІэм класситІыр 1932 гъэм къыщыухащ. 1933 гъэм ЛГГ-м и политпросветшколым и илъэс курсым щеджащ. 1934-1935 гъэхэм Зэрэгъыжь къуажэ школым пионер гъэсакІуэу щылэжьащ. Москва ГИТИС-м и Къэбэрдей студием щеджэну ягъэкІуа гупым яхэтащ Щхьэгъэпсоры. Къардэнгъущ Зырамыку и пьесэм къытращыкІа «Къанщобийр Гуащэгъаьрэ» спектаклыр диплом лэжьыгъэу ищІат. Абы езым щигъэзэщІащ къэбэрдеипщ Джэрийрэ джэгуакІуэ Амиррэ я ролхэр. Спектаклым къыхэщ а лІыхъужьитІым я ролхэмкІэ гъащІэм и пэжыр къэгъэльэгъуат. А образхэр пылъхэнщэу зыгъэзэщІа щэрэт ныбжьыщІэм кэдкІэ ущыгугъэ зыхъунэр, абы зэфІэкІ зэриІэр нэрылъагУ хъуат. Театральнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Щхьэгъэпсо Мухьэмэд Налшык къигъэзэжащ.

Хэку зауэшхуэ зэманым фронтым кІуащ. Абы уІэгъэ хьэлъэ щыхъурэ, дзэ къулыкъур щхьэщахащ, и уэзыншагъэм къызэримыхьым кхьыхкІыу. 1941 гъэм театрым игъэзэжри, и актер лэжьыгъэм пищащ. Псом хэмыдзэу Щхьэгъэпсом къехъулІа ролхэм ящыщщ Акъсыр Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэтаурыхъым къытращыкІа спектаклым кхьыхщ Джэримэс и образыр.

Щхьэгъэпсор икІи уэрэджыІакІуэ Іэзэт. Мухьэмэд апхуэдэ зэфІэкІ зэриІэр нАуэ къэхуащ Гаджибеков Узеир и «Аршин-мал-Алан» музыкэ комедием хэт Сулейман и ролыр щигъэзащІэм. А тхыгъэр езы Щхьэгъэпсом адыгэбзэкІэ зэридзэкІауэ щытащ.

Щхьэгъэпсо Мухьэмэд и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Си Іэхъушэм и куэдгъым срогушхуэ» уэрэдыр. 1955 гъэм ар хагъэхьауэ щытащ уэрэдымрэ къафэмкІэ Къэбэрдейм и къэрал ансамблым игъэзащІэхэм. Апхуэдэу 1949 гъэм итхащ «ТІэмашэ и бынугнагуэ» япэ адыгэ гушыІэ-пьесэр. А лэжьыгъэмкІэ Мухьэмэд кьигъэльэгъуащ театр гъэзджэмрэ лъэпкъ драматургиемрэ я хабзэхэм, къуажэ гъащІэм фІыуэ зэрыщыгъуазэр. Къыхэгъэщыпхъэщ, а спектаклым хагъэхьа уэрэдхэр (зым къищынэмыщІа) езы Мухьэмэд зэритхыжари. Къэбэрдей литературымрэ гъэзджэмрэ я махуэкІэ «ТІэмашэ и бынугнагуэ» спектаклымкІэ 1957 гъэм Москва къыщыдзэхауэ щытащ.

Щхьэгъэпсом лъэпкъ драматургиемрэ театр гъэзджэмрэ хуиІуа хэлъхьэнгъэфІхэм ящыщщ «Мыщэм и куэ Батыр» пьесэ-таурыхыр (1957 гъэ). А пьесэм къытращыкІа «Батыр» музыкэ комедиер КъБР-м гъэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Теувэж СулътІан 1971 гъэм игъэувауэ щытащ. КъыжыІапхъэщ а спектаклым ноби щІэупщІэшхуэ зэриІэр, «Мыщэ и къуэ Батыр» пьесэм режиссер Емкъуж Анзор къытрищыкІа спектаклыр Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым иджыри зэрыщагъэльэгъуэр.

Апхуэдэу и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Эдэшпхъуищ» (1950), «Свадьба в МТС» (1954), «ТІыгур и щыуагъэ» (1955), «МыхъущІэ Марзиданэ» (1958), ныбжьыщІ пьесэхэри. Сонэ Мухьэрбий и гъусэу Мухьэмэд осетин драматург Токаев Асах и «ПсэлъыхьхэР» пьесэр 1950 гъэм адыгэбзэкІэ зэридзэкІауэ щытащ.

Щхьэгъэпсо Мухьэмэд къыхуагъэфащащ «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хьэлэлу зэрылажьам папщІэ» медалыр, «ЩІыхьым и дамыгъэ» орденыр, КъБАССР-м и Совет Нахъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъыр. Апхуэдэу театр гъэзджэм хуиІуа хэлъхьэнгъэм, и ехьулІэныгъэхэм папщІэ «КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр 1960 гъэм къыфІащащ.

АРЩЫДАН Дахэнагъуэ.

Чэсыргей бостей закъуэ

ГъащІэ

Зауэ мыгъуэжьым и етІуанэ илъэсым зи нысащІэгъуэр хиу быда егъэджакІуэ цІыхубзым зы чэсыргей бостей закъуэ фІэкІа имыІауэ жьыпІэкІэ, хэт иджы зи фІэщ хъунур, атІэми а зэманым тхьэмыщкІагъэкІэ псори зэхуэдэти, зым адрейр фІэзауантэкъым. ДэжемыкІутэкъым. Дэ дызыщыгъуаэр зауэм кІуаэм, хэкІуэдахэм, къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэрщ. Зыми ищІэркъым си щхьэгъусэ, зи бын зауэм хэкІуэдахэм, дэлъхуншэу къэна щыпхъухэм, зеиншэ хъуа сабийхэм, лэгъунэ гъэпсахэм щІамыша хъыджэбзхэм я бжыгъэр.

ЛАЦЭРЭ Луцэрэ илъэс хъуауэ зэрымылъэгъуауэ егъэджакІуэхэм я зэхуэсым щызэпхуІащ. Абыхэм жалэн я куэдт. Сыым темыпсэлъыхьми, зауэ мыгъуэжьым и Іэужь Іеймкіэ трагІэнтІэжьыр. ЗэІущІам кърихьэлІахэр хъыджэбзитІым ящыгъ чэсыргей бостейжэм хуабжьу еплъыр, зэпеуэшхуэм дахагъэкІэ щытекІуа пщащэхэу фІэкІа умыщІэну. И ныбжьэгъум нэтригъэхуэн хуэдэ, куэдрэ зэпльа Лацэ жиІаш:

- Сыт-на апхуэдизу сыщІыхьэпльыжьыр? Си чэсыргей бостейр пфІэауан, кьысхуумыгъэфащэу?

- Хьэуэ, хьэуэ, - жиІащ Луцэ. – Си бостейри зэрычэсыргейрщ, ууейр зэрыпнэхъ дахэрщ. Хэбгъэзыхьмэ, уэрэ абырэ нэхъ дахэр къысхуэщІэркъыми аращ сынищІоплъыр.

- УщехъуэпсакІэ уэстынт, ауэ зызумысыжынщи, а зырщ бостейуэ сиІэр, - жиІэу Лацэ къыщыхигъэщІыж, адрейми жиІащ и Іуэху эыІутыр ардыдэрауэ зэрыщІытыр. Я бостейхэр зэрахъуэжьнуи хэтащ, ауэ иужьым щІегъэжьхэри, зэрыщІатуэ къэнэжащ.

- ПщІэрэ, Луцэ, си бостей закъуэм хуабжьу гугъу сызэрыдехьыр, - пещэ и псальэхэм Лацэ. – Махуэ 25 – 30 къэс зэ Налшык сокІуэри, бззэрым тет журт фызы гъэрым деж краскэ къэсщахуурэ нэгъуэщІыфэкІэ изогІэ. ЦІыхухэм я гугъэщ бостеищІэ къэсщэхуауэ, къыздэфІыгъуэхэри щыІэщ.

- Сэ нэхъ гугъуэ сохь, - жи Луцэ. - Школьм сыкъыззэрикІыжу, сабын сиІэжьыми, жьэдэпкІэ бостейр зжьыщІын хуей мэхъу икІи ар нэху щыху согъэгъущ, пщэдджыжьым еджапІэм сщыгъыу сыкІуэн щхьэкІэ. Зыми бостей хьэху кІуитыфынукъым, ящэкъыми.

Ахэр зэгурыІуащ зэгъусэу журт фызым и деж кІуэуэ краскэ къащэхуну. Гугъут Налшык бззэрым узэрыкІуэ гъуэгур икІи жьыжьт. Псыгуэнсу кьуажапщэмкІэ уущдыхьэрти Жаныкъуейри, Шэрэдж псыхъуи, мэзри, псыри, Аушыджэр къуажэри, джабэри зэпыбупщІырт, ВыщхьэфІэч гъаганІэм унэса нэужь, адэкІэ мэзым пхрыкІ, километр 18 зи жьыжьагъ гу гъуэгур зэпыпчырт, итІанэт Налшык гъунэгъу ущыхуэхъур. Ар КъэзнокІуей ауэзымкІи зэпрыкІыжьырт. Мэзым хъунщІакІуэхэр къыщыпэплъи, дыгъужьхэм, жьэІуцІыдзхэм уащыщыхуэзи куэдрэ къэхурт, абы кьыхэжькІэ цІыхухэр гупшэхуэу фІэкІа ГъэзгуІэ.

Зэныбжьэгъуэхэр дапхуэдизу гугъу емыхьами, я мурадыр зрагъэхъулІащ - журт фызыр къагъуэтри, бостейр зэрыралэну краскэр къащэхуащ. Абыхэм иджыри нэгъуэщІ гугъуехьэр кьапэплъэрт: зыр Къэхъун нэс лъэсу кІуэжьнут, адрейм и бостейр зэрыриІэжьнум зыхуэхъэзыфын хуей. Я бостейхэр зэрамыхъуэжькІыфами, зэныбжьэгъуитІыр щыгугфыкІырт зэман гугъум хэкІыпІэ езэгъырабгъу кьыззэрыхуагъуэтыфам.

ЯпэщІыкІэ бостейр жьэпэкІэ ижьыщІащ Луцэ, итІанэ тасшыхуэм псы къабзэ ирикІри, краскэ удзыфэр хикІутащ, ар бэлагъкІэ зэІиШуэрэ зэхуэдэу зэхигъэшыпсыхьащ, итІанэщ бостейр иІэгъэпсым щыхилъхьар. Бостейр иІэгъэпсым къыщыхьэжкІэ хуэрсакъым хуейт - ар пкъэщІэ хъунтэхъыр, зэмыщхь хъунут. Дыгъэр къухьати, Луцэ и бостейр жьэгу мафІэкІэ игъэгъущыжащ, фэтыджэн уэздыгъэ нэфырр кьигъэсэбэпуэ етур дэпкІэ игъэлІри зригъэуэзэхужащ. Гугъу дехьами, кьеплІыр къехъуапсуэ «бостеищІэ» дахэр абы щыгъынут мазэ псокІэ. Нэхущыи ирихьэлІэу чэсыргей бостейм и иІэжьнри ягъэ зэрыІэкІат, ауэ и школ кІуэгъуэри кьэсат зыкІи хуэмыхьэзэыру, нэху щыхуи и напІэр зэтримыльхьауэ. И урокхэм зыгуэр кьрихьалІэмэ е щыщхьэхуэхуэмэ-щэ? Жэщым умыжеяуэ еджакІуэхэр ебгъэджэну тынш? Луцэ и бостеищІэр щыгъыу еджапІэм кІуащ икІи кьыздалажьэхэм къэзылъэгъуаэхэми хуабжьу ягу ирихьащ.

Мазэ нэхъ дэмыкІыу чэсыргей бостейр нэгъуэщІыфэкІэ иригъэжащ. Иджы бостей иІэжьныи и пІалъэр кьищІати, нэхъ тыншу кьеуІэрт. Хэти Луцэ гуапэу къэхъуэхъуэт, хэти кьефагъэуэт.

- Уотхъэ, Тхъэ, уэ. Уи щхьэгъэпсор Москва деджэу щыІэщи, мазэ кьэс бостеищІэ кьыпхуегъэхь, - кьыжьезыІэхэри яхэтт. Апхуэдэу жьызыІэхэм дэнэ щащІэнт абы и Іуэху зыІутыр.

Арати, и бостеищІэр аргуэру балиифэ плъыжь дахэу ириІэжащ Луцэ. МахуипщІ нэхъ дэмыкІыу, бостеищІэми гу щимыхуауэ, щІэщхьу кьыщыщІащ егъэджакІуэм - школым кьыщыщІэкІыжьым зэуэ уэлбанэшхуэ кьэхъэуащ, щІыхьэпІи щІэуваПІи зымыгъуэта щІыхубзыр бжьыхьым кІэрытурэ уэшхышхуэм иуфэнщІащ. Шынагъуэт абы уІупльэну - бостейм уэшхым къыщІильэкъыжат краскэ пльыжьыр, езыми пэгункІэ лъы кьрахьыхьа фІэкІа пщІэнтэкъым. ЦІыхубзым и Іуэхур гугъут - етІуанэ махуэм лэжьаПІэм зэрыкІуэн щыгъын иІэтэкъым. И насыпти, абы кьыдэхуэт краскэ пльыжьым щыщ тІэкІу икІи аргуэру ириІэжащ бостейр, фабрикэм щІэуэ къыщІахауэ фІэкІа умыщІэну.

Гугъу ехьа нысащІэм и образыр къэзгупсысакъым, ар ди гъунэгъут. ЦІыхубзыр фронтым Іумытами, щІытІым хэтащ, Іэнатіэ гугъуэхэм пэрытащ, партми лэжьыгъэми я ветерант, и лэжьыгъэфІым папщІэ медали кьыхуагъэфащауэ щытащ.

ЖАМБОЛЭТ Бетэ.

Фэеплъ

Махуэ Билал зегъэхьэзыр Олимпиадэм бэнэкІэ лІэужьыгъуитІымкІи хэтыну

Хъыбар гуапэ

Бэнэкіэ хуитымкіэ щэнейрэ дунейпсо чемпион, 2012 гъэм Лондон щекІуэкІа Олимпиадэм жэз медалыр къыщызыхьа, алыдж-урым бэнэкІэмкІэ нэгъабэ дуней псом ещанэ увыпІэр щызыубыда Махуэ Билал быдэу и мурадщ етІанэгъэ Рио-деЖанейрэ ОлимпъаганІэр щызыІэригъэхьэну икІи олимп чемпион мыхъуауэ спортым хэмыкІыжьыну. Апхуэдэу абы илъэситІрэ ныкъыгъэ илэкІэ щыжиІат «Адыгэ псалъэ» газетым и хъэщІэщым къыщедгъэблэгъам.

А ГУПСЫСЭМ Билал къытригъэзэжащ ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ агентствэм и корреспондентым иджыблагъэ щепсэльам.

Мы гъэм Махуэ Билал хэтыну зегъэхьэзыр алыдж-урым бэнэкІэмкІи бэнэкІэ хуитымкІи Урысей Федерацэм и чемпионатхэм. Ялэр мыгувэу, гъатхэпэм и 11 - 12-хэм, Санкт-Петербург щекІуэкІынущ, адрейр Дагъыстаным и Каспийск къалэм накъыгъэм и 1-3-хэм щызэхэтынущ.

«Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ зэхьэзэхуэм нэхъ тезгъэщІынущ, - жиІащ Махуэм. - Абы щыгъуэми хуэфащэну зыхуэзэмыгъэхьэзыру хъунукъым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыдэкІуэу зи цІэкІэ сыбанэ Дагъыстаным щызэхэтынум. Ар блэзгъэкІынкІэ Іэмал иІэкъым».

Билал къыхигъэщащ иджыпсту иригъэкІуэкІ зыгъэсэныгъэми зыхэт зэхьэзэхуэхэми я мурад нэхъыщхьэр зэхуэдэ Бразилием и Рио-де-Жанейрэ щыІэну гъэмахуэ Олимп Джэгуэм хуэфащэну зыхуэгъэхьэзырыныр зэрыарар.

«Сэ, ягъэми хуэдэу, кьызолъытэ бэнакІуэхэр Олимпиадэм зэуэ лІэужьыгъуитІымкІи хэтыфину. Зыми жиІакъым ар къемызэгъыу. Узыншагъэ диІащэрэ», жеІэ абы.

А къалэныр игъэзэщІэфын папщІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ Махуэ Билал и тренерхэм абы и зэфІэкІым щэч къытрамыхьэным. «Урысейм алыдж-урым бэнэкІэмкІэ и тренер нэхъыщхьэ Когуашвили Гоги нэгъабэ дзыхьышхуэ кьызигъэзащ, дунейпсо чемпионатым сыхигъэтыну тегушхуэри, - жиІащ Билал. - Куэдым кьалъытэрт ар дзыхьыщІыгъуэджэу, сыту жьыпІэмэ абы ипэкІэ иІэпэситІкІэ зыщІыпІи зыкъыщІэзгъэлъэгъуэну Іэмал сиІатэкъым, си фэбжьхъэр зэрызгъэхъужьым кьыхэкІыу. Ауэ, Тхьэм и щыкуркІэ, сызыхьыхьа бэнэкІэ лІэужьыгъуэщІэм занщІэу сегъаз увыпІэр дуней псом кьыщысхьащ. Абы щыгъуэми нэхъыбэ дыдэу тегушхуар сэрат. Аращи, иджыри зыщыщгъэгъупщэркъым сытри кьызэрыхъуфынур. Тренерхэм дзыхь кьысхуащІмэ, си хъуэпсапІэр нэхъ тыншу зэзгъэхъулІэнущ».

Дэри дыщІохъуэпс Махуэ Билал олимп чемпион хъуну. НэхъыфІыжт ар алыдж-урым бэнэкІэмкІи бэнэкІэ хуитымкІи къехъулІамэ. Ар зэи зыми къемыхъулІа ехьулІэныгъэ тельыджэт.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

ЕджапІэ

ІэщІагъэ псори фІыщ

МэлбахъуэТимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм зэІущІэ щхьэпэ щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ Налшык къалэм и курыт, сабий художественнэ школхэм щІэс ныбжьыщІэхэр зыхуеджэну ІэщІагъэр къыхахыныкІэ ядэІэпыкъуным, абы ехьэлІа чэнджэщхэр етыным.

БИБЛИОТЕКЭМ техникэмрэ мэкъумэшымрэ ятеуха литературэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм ягъэуващ «Дэтхэнэ зы ІэщІагъэми мыхьэнэшхуэ иІэщ» фІэщыгъэ зыхуащІа тхыльэ дапхъэр.

Налшык къалэм и Сабий художественнэ еджапІэм, курыт школ №№04, 5, 29-хэм щІэс ныбжьыщІэхэм яІущащ КъБКъУ-м дизайнымкІэ и институтым и унафэщІ Кожуховская Светланэ, абы щезыгъащэжхэу Крапивинэ Еленэ, сурэтыщІ Дыщэкі Мурат, Къудей Джульеттэ, Налшык къалэм щыпсэуэр Іэнатіэкіэ къыззэзыгъэпщІуэхуэ ІэщІагъэм и лэжьакІуэ АфІэунэ Іэминэ сымэ.

Кожуховская Светланэ жиІащ курыт школхэм я 9-нэ, 11-нэ классхэр къззыухахэм я еджапІэм щІэтІысхьэну Іэмал зэралэр. Ар къэтеувыІащ экзаменхэр зэрагъэтхэм, апхуэдэуи пщІэ щІату зэкІуалІэ курсхэр зэралэм, я егъэджакІуэхэм щІэныгъэ куу зэрабгъэдэлъым, ІэщІагъэлІ зэрыхъуэхэм. Апхуэдэуи къыхигъэщащ я студентхэр къыхаха ІэщІагъэм зэи зэрхущІемыгъуэжьр икІи щІэныгъэфІ зэрырагъэгъуэтыр. «Ди гъэсэнхэм я щІэр фІыкІэ зэрыІум, абыхэм я ехьулІэныгъэхэм сэ икъуКІэ срогушхуэ. Нобэрей зэхьэхьэм хэт ныбжьыщІэхэр ди институтым и студент фІхъуну си гуапэщ», - жиІащ Светланэ.

Крапивинэ Еленэ, ДыщэкІ Мурат, Къудей Джульеттэ сымэ я псальэм кьыхаГъэщащ зыхурагъаджэ ІэщІагъэхэм нобэ щІэупщІэшхуэ зэралэр, ахэр зэрыгъэщІэгъуэныр. Нэхъыщхьэращи, къэралым е зыгуэрым пщІэкІэ хуэмылажьэу, я щхьэхьрычэт зэрыхуащІыжьфынур кьагъэІэпыкъуащ. ЕджапІэхэр ирагъэпльащ студентхэм я диплом лэжьыгъэхэм. Апхуэдэуи къытеувыІащ дизайнымкІэ институтым и студентхэр зэпеуэ, фестиваль, гъэльэгъуэныгъэ зэхуэмыдэхэм, студент гъатхэм, «Стильный акцент» республикэ зэхьэзэхуэм жыджэру зэрыхэтым.

Егъэджакіуэхэм жаІащ налшыкдзс ныбжьыщІэхэр Владикавказ, Москва, нэгъуэщІ щІыпІэ жьыжьэхэм дизайным хуеджэну мыкІуэу. Налшык щІэныгъэ цызрагъагъэуэтыну Іэмал зэраІэр икІи я институтым ирагъэблагъащ зыщапльыхьыну, абы щекІуэкІ Іуэхуэхэм зыщагъэгъуэзэну. АфІэунэ Іэминэ ныбжьыщІэхэм я ижьыкІэ зрагъэІэпыкъуащ студентхэм я диплом лэжьыгъэхэм. Апхуэдэуи къытеувыІащ дизайнымкІэ институтым и студентхэм зэпеуэ, фестиваль, гъэльэгъуэныгъэ зэхуэмыдэхэм, студент гъатхэм, «Стильный акцент» республикэ зэхьэзэхуэм жыджэру зэрыхэтым.

Еджапіэхэм я диплом лэжьыгъэхэм. Апхуэдэуи къытеувыІащ дизайнымкІэ институтым и студентхэм зэпеуэ, фестиваль, гъэльэгъуэныгъэ зэхуэмыдэхэм, студент гъатхэм, «Стильный акцент» республикэ зэхьэзэхуэм жыджэру зэрыхэтым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Сурэт гъэлъэгъуэныгъэ

Тезырхэр ирегъэхьэкІыныкІэ федеральнэ Іуэхущ Іапіэм и управленэу КъБР-м щыІэм и колоние №3-м КъБР-м и Сурэтыщ Іхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэр щагъэлъэгъуащ.

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и ИК №3-м тезырхэр щезыхьэкІхэм лъахэм и щІыуэпсыр кьызытещ ауэ, ар гъатхэпэм и 11 - 12-хэм, гуэл куухэм я теплъэм и дахагъым.

Гъэлъэгъуэныгъэр щекІуэкІым, КъБР-м и Сурэтыщ Іхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Темыркъан Геннадий тезырыр езыхьэкІхэм яхутепсэльыхьащ республикэм и сурэтыщІ цІэрыІуэхэм я къекІуэкІам, абыхэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэм.

Псалъэмакъым жыджэру хэтащ ягъэтІысахэр икІи куэд къозыгъащІэ сурэт гъэльэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэн къахуэзэщІэпэщахэм фІыщІэ хуащІащ.

Колоние щаІыгъэхэм я зыгъэпсэхуГъуэр, абыхэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкІэ зауэныныр тезырыр езыхьэкІхэм ядалэжьэным и зы унэтІныныгъэ нэхъыщхьэщ.

ЗЭБАР Мадинэ.

КъБР-м и прокуратурэм

НэхъыфІхэр ягъэбелджылы

Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ «Къэралым и цІэкІэ зыгъэкъуаншэ лэжьакІуэ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэр йокІуэкІ илъэс етІуанэ хъуауэ. Республикэм и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Ю. И. и пашэу комиссэм игъэбелджылащ щыналъэ зэпеуэм бжыгъэр щызыубыдахэр.

ЯПЭ увыпІэр Дзэлыкъуэ районым и прокурорым и дзэпыкъуэгъу Бжэмбей З. А., етІуанэр - Налшык къалэм и прокурорым и дзэпыкъуэгъу нэхъыжь Кърымщокъал Ф. Хь., ещанэр - Шэрдж районым и прокурорым и дзэпыкъуэгъу нэхъыжь Баттаев А.И. хуагъэфащащ.

Республикэм и прокуратурэм урысейпсо зэпеуэм хэтыну хуигъэфащащ Дзэлыкъуэ районым и прокурорым и дзэпыкъуэгъу Бжэмбей З.А.

ЯдэІэпыкъурт

Лэскэн щыналъэ судым тезыр трилъхьащ Гъажэ Ратмир Заур и къуэм. Ар игъэкъуэншащ УФ-м и УК-м и 33-нэ статьям и 5-нэ, 208-нэ статьям и 1-2-нэ Іыхьэмкіэ (Іэщэкіэ зэщІэуэзда гупым щІэгъэкъуэн зэрахуэхъуам папщІэ), апхуэдэу УК-м и 222-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэмкіэ (Іэщэ хабзэншагъэкІэ зэрызыІэриГъэхьам, зэрихьумам, зэраритам папщІэ).

СУДЫМ игъэбелджылащ 2013 гъэм и бжьыхьэм къыщыщІэдзауэ Гъажэм «Къэбэрдейм, Балъкъэрым, Къэрэшеим я Вилайат Зэкъуэт» гупым, «Имарат-Кавказ» (Кавказ Эмират) дунейпсо террорист зэгухьэныгъэм щыщым, хэт Бэгъуэт А. Хь. транспорт Іуэхутхьэбзэкэр зэрыхуищІар - КъБР-м щхуэу кьыщикІуэныммкІэ дэІэпыкъуэгъу, апхуэдэу езым и псэупІэ гъэпщІкІуПІэ хуиІащ.

Абы кьыдэкІуэу, а лъэхъэнэм Гъажэр ядэІэпыкъуащ щхэурыпажьэ щІэпхъаджащІэхэм щыгъын хуабэкэр Москва кьыхурашу автобускІэ Налшык къэгъэсыным и лъэныкъуэкІи.

Апхуэдэу езымрэ Бэгъуэтымрэ я жьып телефонхэр ищэкри, и ныбжьрейм и лъэІукІэ абы телефоныщІэ кьыхуищэхуауэ, хабзэкъуэмэхэр кьакІэщІэмыдзІыхьыфын икІи езыр здэщыІэр къамыхутэфын мурадкІэ.

А псоми я щыІужкІэ щІэпхъаджащІэхэм яритащ ВОГ-25 Іэщэр.

Судым упчІэ ищІащ Гъажэр илъэситІрэ мазиплікІэ лъэхъуэщІи исын хуейуэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэныджэ Замир, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэцэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапіэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутхьэхэм я нэхагъымкІэ ахэр зытхахэм ящэ жуэап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущхъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Хъяпрагаф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Элэ, редактору Жьэкіэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20 -рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №343

Фрагъэблагъэ

Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и спектаклхэр республикэм и къалэхэм, къуажэхэм щегъэльэгъуэ

Гъатхэпэм и 5-м
Алтуд къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм

«ПСЭЛЪЫХЪУХЭР»



ЩыщІидзэнур сыхьэт 17-рщ.
ФыщІэупщІэ хъунущ 8-903-491-02-29 телефонымкІэ

☆ ☆ ☆

Гъатхэпэм и 12-м
Тэрч къалэм Щэнхабзэмкіэ и уардэунэм

«МЫЩЭ И КЪУЭ БАТЫР»

ЩыщІидзэнур сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 30-рщ; сыхьэт 14-рщ.

☆ ☆ ☆

Гъатхэпэм и 12-м
Тэрч къалэм Щэнхабзэмкіэ и уардэунэм

«БЛЭКІАМ КЪЭГЪАЗЭ ИІЭКЪЫМ»

ЩыщІидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.
ФыщІэупщІэ хъунущ 42-4-50 телефонымкІэ.